

A Bout

63-0901E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Annou rete kanpe kounye a pandan n ap bese tèt nou. Seyè Jezi, nou jis kwè sèlman. Ou di nou jis kwè, e nou kwè kounye a. Epi nou ba W remèsiman ak lwanj pou sa nou te deja tandè ak wè, ki ankre fwa nou. Ala nou remèsye W pou yon lòt okazyon kote nou vin fè sèvis pou sila yo ki nan bezwen. Kounye a nou priye W, Bondye, pou reponn a bezwen nou yo aswè a dapre pwomès Ou. Lan Non Jezi nou mande sa. Amèn.

2 Nou kontan anpil aswè a pou privilèj retounen nan tabènak la ankò pou–pou...ak Levanjil Seyè Jezi resisite a. E mwen jis te on tijan an reta. Mwen te gen yon ka ijan espesyal ki te antre sot Michigan kounye a la. E Seyè a te fè yon bagay mèveye jis nan moman sa pou manzè. O lala, ala Li konn tout bagay epi layite sa jis...Ou pa oblije di I Li; Li konnen, Li senpleman konnen kisa sa ye. Kifè nou gen anpil rekonesans. Moun yo te kondwi tout jounen pou rive isit la. E, alò, nou tèlman gen rekonesans pou sa. Bon, pa bliye...Bann lan an mach? [Frè Neville di, “Sa se limyè switch la la.”—Editè a] O, limyè switch la. M konprann. Pa bliye sèvis yo–yo semèn sa k ap vini an, Mèkredi swa, ak Dimanch maten pwochen, ak Dimanch swa. Si nou ta nan viwonn lan, nan vwazinaj la, mwen konnen se sèten yo t ap kontan pou genyen w isit la. Epi, kounye a, priye pou mwen, pandan m pral wout la al lòt kote, e m espere retounen byento ankò.

3 M vle remèsye nou tout pou jantiyès ak souvni sa nou te fè pou mwen. Yon frè fenk voye yon nouvo kostim pou mwen soti anba nan yon ti legliz ki nan Georgia. Epi–epi moun sa yo...Sa senpleman mèveye. E mwen vle remèsye moun sa yo anba la nan Kentucky, ke m te

avè yo semèn dènnye a lè vakans. Epi tout sa Seyè a te fè pou nou la, ak gwo men pwisan pou nou te wè L, ak sa L te fè.

4 Bon nou gen konfyans pou wè nou ankò trè byento, jis osito m va retounen nan direksyon sa a, pou al New York pou reyinyon an. Se va nan Legliz Stone lan avèk Frè Vick, ap kòmanse, mwen kwè se 12 Novanm. E nou va bò isit la, kèk jou anvan tan an. Apre sa nou va repase ankò, pou desann al–al Shreveport, Louisianne, ak Frè Jack Moore. Sa se pandan Aksyon de gras, semèn aksyon de gras la, pou nou la nan Shreveport. Li afiche sou tablo a, mwen kwè, dèyè la nan anons yo.

5 E apre sa nou espere avèk kèk nan zanmi moun nan Sid yo apre Nwèl. E nou va nan Phoenix an Janvyè. Epi la pou ap tann apèl lòtbò dlo yo, pou nou ka prepare reyinyon a letranje yo. Yo ap travay sou sa kounye a, depi mwa dènnye a, Frè Borders, ki an kominikasyon ale tounen, apati de yon tou di mond konplè jis osito ke nou kapab prepare sa, men nou oblije ret tann kondisyon yo.

6 Foul la si tèlman anpil la, ke nou pa ka mete yo nan yon bilding; nou jis oblije òganize yo a leksteryè atè. E alò pafwa yo depase ap monte, sa prèske enkwayab kantite nonb lan, pafwa osi anpil ke senksan mil. Sa se yon demi milyon moun nan yon sèl rasanbleman; se pa kantite moun ki vin nan reyinyon an pandan tan de jou, men yon sèl rasanbleman. Ou konnen, dabitib evanjelis yo konte konbyen moun ki te vini pandan sis semèn. Ou wè? Men nou–nou jis konte konbyen moun ki la jou sa, sèl fwa sa. E konsa pafwa pa gen plas pou fè yo chita, ou konnen, jis oblije mete yo a leksteryè atè. E nou oblije pran sezon kote pa gen lapli ak dlo k ap tonbe. Epi pòv moun sa yo chita deyò la...M te konn wè dè fanm chita deyò a la ak cheve yo jis trese desann, moun byen-abiye, pou jis–jis chita nan lapli sa tout lajounen. Jis chita la, e sa te jis ap tonbe, ak gwo kout loraj, ak zèklè, ak tanpèt k ap soufle, epi yo jis ap balote apiye youn sou lòt konsa, chita drèt la, ap tann jouk ou vini pou priye pou yo. Ou wè? Bon, ou konnen ke Bondye onore fwa konsa. Li fè l.

7 Ou dwe fè yon bagay pou Bondye pou onore L. Ou wè? Ou montre l Li. Moun ki jwenn tout bagay nan pla men yo si fasil, dabitid yo pa...Yo–yo pa fè anyen pou sa, ou wè. Ou dwe...Don an gratis, sa se verite, men ou–ou dwe...

8 Sa sanble a sa, ou konnen, jan yo konn di a, "Si w te fèt ak yon kiyè an ajan," nou konn tande sa, "ou pa apresye l." Men kan w travay pou sa, ou apresye valè l.

9 Bon nou menm moun ak bann yo anndan la, mwen ta renmen ke-ke...Mwen kwè ke...M panse kounye a mwen...

Maten an, mesaj maten sa se te, dapre mwen, Mesaj ki pi enpòtan nan tout ministè mwen; maten sa, ou wè, yon Mesaj kle nan tout ministè mwen. Yon jou mwen va di nou jan sa te vini. E mwen konnen ke tout bagay te prepare dè e dè mwa e dè mwa, pou rive jiska sèl Mesaj sa, ap konstwi pou rive kote sa. Se te tan pou kwafe/kouwone l la, ou wè. E se yon...

10 Bon mwen sèten, oswa mwen espere, ke ou te sezi sa Siy lan vle di. Ou wè? Siy lan se yon fason pou di ke San an te aplike. Ke, pri ki te egzije a, ke Bondye te egzije a, Jezi te peye pri sa kan Pwòp San L te vèse. Li te fè sa. Kifè, apati de vi Li Sentespri a te vini. E kan San an aplike pou ou, Sentespri a se yon Siy ke yo te peye pri w la; ke Bondye te resevwa w, sa se Siy lan. Sonje, sa se Siy lan. Bon, gen anpil moun ki pa, yo-yo pa konn sa Siy sa ye, ou wè. E ou dwe fè sa on fason kòm si pèsonn pa okouran de sa, ou wè, yon fason pou yo tout ka sezi l.

11 Jis tankou preche sali a, nou dwe preche sali a on fason pou tout moun, se pou tout moun, tandiske, nou konnen se pa sa. Nou dwe preche gerizon Divin pou tout moun, poutan nou konnen se pa pou tout moun. Ou wè? Jezi te vini pou sove sa yo ki te nan Liv Redanmsyon an anvan fondasyon mond lan. Li te sèlman vini pou sove sila yo. Ki moun yo ye, mwen pa konnen. Ou wè? Men ou...Pèsonn pa ka gen lafwa amwenske ou deklare ke se pou nenpòt moun; e se sa, pèsonn moun pa ka vini amwenske Bondye rele yo. Se vre. Kidonk gen anpil moun ki pap sove. Nou okouran de sa. Ebyen, yo menm, Bondye te konn sa anvan mond lan te kòmanse, ke yo pa t ap sove.

12 Gen anpil ki pap geri, ou wè, anpil pap geri. Yo jis pa kapab, yo jis pa ka sezi l. Yo pa konn kisa l ye. Anpil ap sezi l. Men nou preche l kòm si se pou tout moun, paske nou pa konnen kilès moun sa ye; nou jis pa konnen. Men se pou nenpòt moun, menm si gen moun ki jis pa ka sezi lafwa sa.

13 Kounye a, se menm bagay la konsènan Siy sa. Siy lan, nou te konn pale de Siy lan san rete, men kounye a se manifestasyon Siy la. Ou wè?

14 Kounye a, pafwa nou te pèmèt sa. Literyen yo te pèmèt li pou: “Asepte Pawòl la; asepte Kris kòm Sovè pèsònèl.” Methodis yo te di: “Lè nou vin kontan ase pou rele, se Li.” Pannkotis lan di: “Pale nan lang, apres a nou genyen L.” E nou dekouvri ke tout sa pat vre. Ou wè?

Siy lan se Prèv la. Se oumenm ak Kris antan ke pèsòn ansann. Ou wè? Se Sentespri a, Vi Li nan ou, k ap manifeste Pwòp Vi Li–Li atravè ou. E se pou rich la, pòv la, oswa pou tout moun ki va resevwa L. Bon sonje, Siy lan se sa ou...

15 Ou prezante w nan konpayi tren an epi ou achte tikè ou. Genyen yon pri, sa l koute. Dizon sa koute senkant kòb pou pran liy otobis sa--sa, oswa tren sa, de isit la a--a Charlestown, Indiana, sa koute senkant kòb. Ebyen, kounye a, konpayi an dispoze de prèv pou w kapab... Ou wè? Kounye a sa w gen pou fè, se ale anba epi achte biyè w la, pou senkant kòb. Yo remèt ou yon prèv ki ba w dwa monte nan tren sa jiska destinasyon l, kèlkeswa kote tren sa prale a. Ou wè? Sa ba w...Se yon prèv.

16 Kounye a, nan ka sa, san an te prèv la. Pou tout bon, sa te dwe aplike, paske se te jis pati chimik lan se tout sa yo te genyen, poutèt se te san yon mouton, yon animal, san yon mouton. Kidonk vi a ki te nan san an, vi ki te soti a, konsa san an te repann. Ou wè? Vi a te pati ale, men li pa t ka retounen sou kwayan an, poutèt se te yon animal. Men sa sèlman te pale de yon bòn konsyans, ke te gen Youn ki ta pral vini, yon Sakrifis pafè.

E, pou sa te ka Youn ki pafè, tout nèt Jij la, Bondye nan Syèl la, te vin Sakrifis la; Jij, Jiri, ak Avoka. Ou wè? Li te vin Sakrifis la. Alò kan Vi Li te pati ale, sa ki te Bondye...E mo a la, kote sa te soti a se, “E Mwen va ba yo Lavi Etènèl.” Bon, nan lang Grèk...Mwen konnen m ap adrese m a gwo save. Mwen wè de ou twa la. Ou wè? E mwen...E mo sa nan lang Grèk la, se Zoe. Z-o-e, nan lang Grèk, sa vle di, “Pwòp Vi Bondye.” “E Mwen va ba li Zoe, Pwòp Vi pa M.” Kris ak Bondye te Youn.

17 Alò, Vi ki te nan Kris la se Sentespri a, pa twazyèm Pèsòn lan; men menm Pèsòn lan, sou fòm Sentespri a, k ap vin sou ou, antan ke Siy ke yo te peye vi w ak biyè a, ke yo te

aksepte w. Jiskaske prèw sa fèt, yo pa pèmèt ou anbake sou gran wout la, ou pa gen pèmisyon sou...pou pran liy otobis sa-sa; ou pa gen pèmisyon pou w anbake jouk ou kapab prezante prèw sa, e prèw sa se biyè w la. Bon Sa montre ke San an te repann epi aplike pou ou, pri a te aplike pou ou, e ou gen Siy ke San an te aplike pou ou epi yo aksepte w. Ou sezi l kounye a? O, la la! O!

18 Kounye a-kounye a, se pa jis ankenn evidans kèlkonk. Ou wè? Ou di, "Frè Branham," mwen disène sa nan panse w, ou wè, "kouman mwen t ap fè konnen?"

Gade, kisa w te ye, e kisa w ye? Men kijan ou ka konnen. Ou wè? Kisa w te ye anvan Siy sa te aplike? Kisa w ye apre L te aplike? Kisa dezi w te ye anvan, e kisa dezi w ye apre? Alò ou ka konnen si Siy lan te aplike ou pa. E lòt bagay sa yo ap jis vini otomatikman avèk Sa. Ou wè?

19 Se-se pa tankou ap pale de sa, pou di, "Pale an Lang se evidans lan." Bon, mwen gen, mwen achte yon pè soulye, lang lan pa soulye a. Sa jis vini avèk soulye a, ou wè. Sa jis vini avèk soulye a. Ou wè? Bon, se menm bagay la avèk Siy lan. Siy lan se Kris. Men pale an lang, ak chase demon, ak akonpli bagay sa yo, epi preche, ak nenpòt bagay la, se evidans ke Li la, se vre, men se-se pa Li. Ou wè, se yon don ki vin de Li. Si m ta di w ke...

20 Ou di, "Mwen-mwen vle w, Frè Branham," epi mwen ba w yon kado, ou wè. Ebyen, se pa mwen, se kado mwen.

Pale an lang se yon don Sentespri a, se pa Sentespri a; se yon don Sentespri a.

21 Dyab la ka imite nenpòt nan bagay sa yo, men li pa ka Sentespri a. Ou wè? Li ka imite don sa yo, men li pa ka Sentespri a.

E Sentespri a se Siy ke San an te aplike, paske Li swiv San an nèt ale nan Liv Redanmsyon an. Ou sezi l? Se poutèt sa Li te vini. Se sa Li te swiv nan chak aj. Nan chak aj Li te swiv sa, pou te asire ke Sa te vini, e ke yo pa t ka atenn pèfeksyon san nou. Kounye a Sentespri a an antye ap vizite Legliz, pou demontre Bondye nan chè imen; jan L te fè anvan Sodòm, anvan dife a la, ki te yon tip. Lè sa, devan Abraham, Li te parèt devan l.

22 E tout bagay Li pa t fè atravè aj yo, nan aj legliz yo, L ap fè yo kounye a. Yon retou nan Pawòl la, paske mesaj yo apre mesaj apre mesaj dwe abouti nan Pawòl la annantye. E nan dènye jou yo, ouvèti Sèt So yo, se te pou ranmase tout ti sa ki te mete de kote, epi rann tout bagay la nèt yon sèl gwo tonton Lepouz, paske sa yo ki te viv anvan yo pa t pafè tan ke Legliz sa pa t pafè, gwoup Lepouz sa nan dènye jou yo, pou te fè yo antre, epi fè nou tout ansanm monte. Ou wè?

23 Siy lan, Jezikri, Sentepri an, pami nou. Nou ta dwe bay reverans pou sa. Nou–nou–nou–nou pa ka imilye tèt nou ase. Wete soulye w, oswa tonbe sou jenou w, pap efase sa; sa pap–sa pap satisfè l, sa pap sifi pou nou; men yon vi ki pwodui fwi Lespri a!

24 Kounye a kisa fwi Lespri a ye? Ou wè? Lanmou, lajwa, lapè.

25 Sonje maten an? Preparasyon, voye mesaje a avèk Mesaj la. Pwochen bagay Li te fè, apre Li te fin voye mesaje a avèk Mesaj la, Li te voye Kolòn Dife a kòm konfimasyon. Pwochen bagay la se te, apre sa, se te yon konstela-...oswa yon konsolasyon. Ou wè? Konsa ou te konnen sa te kòrèk, ou te an pè. Nou gen lapè avèk Bondye, atravè Seyè Jezikri. Ou wè?

26 Bon aswè a nou pral priye pou malad, e mwen kwè yo gen sèvis kominyon. Ou–ou gen batèm, sèvis batèm? [Frè Neville di, “Non.”—Editè a.] Jis kominyon, kominyon. E nou vle w rete pou kominyon an.

27 Nan–nan trann senk oswa karant minit nou pwojite fini epi prè pou kominyon an. E kounye a, demen se jou Fèt Travay, kifè ou ka on jan repoze w. Bon, mwen te di ke se te entansyon nou, ou wè. Nou pa konn ki lè. Mwen vle asire m ke mwen fè sa kòrèkteman.

28 Bon, maten an, mwen te di nou, poutèt mwen pap avè nou, mwen–mwen kwè nou te gen yon lòt Mesaj de de a twazèdtan maten an, men sa te sempleman fòmidadab. Mwen pa konn si wi ou non moun yo te sezi l. Mwen espere yo sezi l, toupatou. E mwen espere gen bann ki byen fèt sou sa, konsa sa ka pwonmennen, pou fè konnen, ke mwen kwè, nan tout Mesaj mwen te janm preche yo, sa te absoliman òdone pa Bondye, apa...Natirèlman, komisyon nòmal la, tankou Sèt So yo ak bagay konsa, ki te Pawòl Bondye a dirèkteman. M

ap pale de Mesaj pou w preche; mwen kwè sa a se te youn, ou wè, se–se, youn ki nesèsè pou swiv Sèt So sa yo.

29 Kounye a obsève sa ki vini apre Sèt So yo: inyon moun yo, siy inite, limyè wouj k ap kliyote nan dènye jou yo, siy fanm k ap vin pi bèl, epi gason, sa yo pral fè. Tout siy Sentespri sa yo k ap gide, apre sa retounen dirèk la pou kwafe tout Mesaj sa yo depi Sèt So yo. Sa kwafe l nan sèl bagay sa, Siy lan, pou wè si nou kòrèk, ou wè, senpleman tcheke tèt nou pou wè si nou retwouve nou nan Lafwa.

30 Bon, ke Seyè a beni nou. Kounye a anvan nou—anvan nou al nan Bib la, pou priye pou malad yo...Nou te mande maten an, konbyen moun yo te priye pou yo Dimanch swa dènye, ki–ki–ki te geri, ki te deja geri semèn sa, e pratikman tout moun isi a, ki te nan reyinyon an Dimanch swa dènye, te leve men yo. Bon, se kichòy, nou konprann. Se yon bagay ki...Se, mwen ap pran konsyans de sa pou tèt pa m.

31 Te gen yon ti gason, ke sa te jis di, li te soti Chicago, yon ti Dam...Èske dam sa se, Peckinpaugh, Peck-...Madam Peckinpaugh ki vin de—ki vin de...Li se yon sè Kreytyèn vrèman de byen. E li te mennen yon moun, yon—yon ti bonòm, jan m konprann sa, yon ti gason oswa on bagay konsa, ki–ki...doktè pa t menm te konnen sa k te pwoblèm lan avè l. Poumon l te tèlman an movèz kondisyon, oswa yon bagay konsa, ke—ke yo pa t ka fè....pa t ka mete l lekòl oswa on bagay konsa. Li te vrèman, vrèman, an movèz eta. E sa te di, Sentespri a touswit apre Mesaj la, te pale a ti gason sa, Li te rele l, te di l kondisyon li e latriye, epi te pwononse gerizon l.

Epitou semèn sa li te ale, manman l oswa paran yo, ou pe enpòt ki moun li te ye a, te retounen kot doktè a, e doktè a te di li te gen yon nouvo pè poumon, ou wè, yon nouvo pè poumon. E fason mwen konprann sa, sè ke—sè ke paran yo oswa yon moun te fè yon apèl long distans, oswa yon fason, pou l te fè kongregasyon an konn sa. Ou wè? Kounye a, Bondye, Kreyatè a, ka fè yon nouvo pè poumon.

32 Mwen—mwen kwè vrèman ke nou nan—nan limit youn nan bagay pi pwisan ki te janm frape tè a depi jou Seyè Jezi yo. Ou wè? Ou wè? Men pou kounye a yo ka sèlman konnen nou pandan...Sa va sitèlman enb. Ou wè? Ou wè, sa lòm deklare *pwisan*, Bondye rele l

“abominasyon.” Men sa lòm rele *foli*, Bondye rele l “pwisan.” Ou wè? Konsa kounye a siveye sa, ou wè, sa va sitèlman enb ke ou pap janm manke...ke w ap rate l si w pa gen Siy lan lan pou egzamine l, ou wè. Ou wè?

33 Kimoun ki t ap janm panse ke montay yo t ap ganbade tankou ti kabrit, epi fèy yo t ap bat men yo, lè yon pwofèt te vini soti nan dezè a; sa te pwofetize pa Ezayi, mil desan...oswa sètsan douz lane davans. Plim te kouvri tout figi l, epi yon moso po mouton, pa t menm gen yon chè pou preche, ekskominye nan tout legliz, epi kanpe sou bò Jouden an, ap rele byen fò, “Repanti!” pou ap rele moun yo bann “vipè,” sèpan. Men se sa Bondye te di, ke lè L ap vini, “montay yo ta pral ganbade tankou kabrit.” Ou wè? Sila ki enb lan te wè l e li te rejwi l.

34 Kouman yo te ka konprann ke yon...ke gran Mesi sa, ki te pwofetize depi kòmansman Liv la, nan Jenèz, ke Li ta pral vini, kòm yon Sovè? Tout sakrifis yo, ak tout pwofèt yo, ak tout bagay te pwente sou Li. E alò kan L te vini, sipozeman nan yon nesans ilejitim; yon papa ki pa t menm marye ak manman L, sipozeman. Ou wè? E yo te jwenn fanm lan ansent on ti bebe anvan menm yo te marye. E Li te grandi nan yon bagay tèl, epi ne nan yon–yon ti...Ebyen, yo di yon etab, nan Bib la. Men yon etab nan jou sa yo se te yon gwòt ki gen fon li nan yon–fon li nan yon miray. Mwen te jwenn plas konsa laba an Arizona yon fwa, pou lachas. Te gen yon etab anba yon fant wòch. E se fason sa Jezi te fèt, nan fon ti fant etab sa sou yon pil pay fwen ki se manje bèt, nan yon grenye pou bèf, ou wè, kote yo te mete estòk yo.

35 E Li te leve tankou yon Apranti chapantye, kouman Sa te posib pou Jewova pwisan an? Men Se te sa, ou wè. Se te sa. Ou wè? Yon jan de Pèsonaj trè biza. Men, o, lè Li te jis yon jèn Gason, Li te etone prèt ak jan Li te konn Pawòl sa. Poutèt kisa? Li te Pawòl la. Ou wè? Li te Pawòl la.

Li pa t janm ekri liv. Li pa t janm ekri yon–Li pa t janm ekri yon mo. Sèl mo Li te janm ekri, sou–sou sab la, kan yo te kenbe yon fanm nan adiltè, mwen kwè, Li te efase l. Li pa t janm ekri yon mo. Poukisa? Li te Pawòl la. Si Li... “Si M pa fè zèv Papa M, alò pa kwè M.” Ou wè? “Si m pa fè egzakteman sa Pawòl la te di Mwen t ap fè, alò Mwen pa Pawòl la. Men si...” Se sa L te vle di. Li se Pawòl la.

36 Kidonk prepare tèt ou kounye a pou sèvis gerizon k ap rive a—a ak sèvis kominyon an. Nou t ap kontan pou w ta rete avèk nou si w kapab. Si w pa kapab, n ap mete yon fen kounye a.

37 E pa bliye, priye pou mwen e priye pou madanm mwen, fanm ki pi janti nan mond lan, epi—epi pou timoun mwen yo. Bon mwen reklame yo, yo chak, pou Seyè Jezi.

38 Bon, Becky jis atenn laj ti “riketa,” yo ou konnen, jis yon—yon “tinedjè,” jan nou abitye rele l la. Kifè li jis nan laj sa. Men, bon, li se yon tifi trè janti, e mwen—mwen remèsye Seyè a pou sa; li pa nan sigarèt, li pa nan bweson, li pa nan kouri toupatou, anyen. Men li jis nan laj sa, li—li pa sousye l. Li pa vle al legliz, e, si l fè sa, li ret dèyè a ap manje chiklèt, leve epi soti deyò. Sa, ou wè. Mwen vle wè l ranpli ak Sentespri.

39 Mwen vle wè Joseph, mwen vle pou ti gason sa...Mwen kwè yon jou kan mwen pap ka mache al sou chè a ankò, mwen vle pran vye Bib dechire sa pou mete nan men l, ap di, “Joseph, rete ak Sa, pitit mwen.” Lè sa m ap prè pou m monte. Mwen vle tandè van ap soufle kèkpa, leve tèt mwen, fè babay, al fè wout mwen.

Annou priye.

40 Bondye Papa, tout vi nou nèt vlope nan Sa, paske Se Ou menm, e Ou se Vi nou. Kounye a genyen isit la, Seyè, k ap—k ap kenbe Siy sa ke m te pale de Li a. Yo posede Siy sa, e poutan yo malad. E aswè a mwen vle pale pou ba yo kouraj, pou—pou ankouraje yo met men sou dwa Bondye-bay. Yo gen dwa defèt dyab sa. Li deja defèt, li jis ap blofe yo. Mwen reklame yo, Papa.

41 Kounye a ede m pou pwononse Pawòl la. Pale atravè mwen, Seyè, ak kèk ti nòt sa yo ke m te ekri la, epi ti Ekriti. Mwen priye ke W ede m, Seyè, pou antre nan Pawòl la epi ba yo lafwa pou glwa Bondye. Lan Non Jezi mwen priye. Amèn.

42 Bon rapidman, mwen vle ale nan Bib la nan Liv Jeremi chapit 29, si w vle li l. Oubyen, si w pa vle, jis make l. Jeremi, chapit 29 la. N ap kòmanse ak vèsè 10 Jeremi, vèsè 10 chapit 29 la. Epitou, n ap li nan Lik, chapit 16, kòmanse nan vèsè 14.

43 Kounye a m ap ban nou tèks mwen an, pandan n ap–n ap–n ap chache. Tèks mwen aswè a se *A Bout*. Epi mwen...*A Bout*, kounye a, ou konn kisa a bout ye.

Bon n ap li nan Jeremi chapit 29, vèsè 10 la.

Ensi di Seyè a, Apre swasann dis lane nan Babilòn M ap vizite nou, pou akonpli bon jan pawòl mwen pou nou, pou fè nou tounen nan plas sa.

Paske Mwen konn ki panse Mwen te genyen pou nou...(Èske se pa agreyab?)...Seyè a te di, se menm dè panse ki pale de lapè, pa mechanste, pou ban nou yon fen akseptab.

Lè sa nou va envoke m, e nou va ale pou ap priye mwen, e Mwen va tandè nou.

E nou va chache m, e nou va jwenn mwen, si n ap chache ak tout kè nou.

E nou va jwenn mwen, Seyè a te di: e Mwen va sispann kaptivite nou an, e Mwen va rasanble nou soti nan tout...nasyon, e soti tout plas kote Mwen te mennen nou, Seyè a te di; epi...mwen va fè w tounen ale–ale nan plas kote Mwen te chase nou lwen nan kaptivite. Tounen nan pannkot!

Mwen te mete sa, mwen menm. Li pa di sa. Se sa mwen te vle di Legliz la.

Lik 16, kòmanse nan vèsè 15 lan, oswa vèsè 16 la.

Lalwa ak pwofèt yo te pwofetize jiska Jan: depi lè sa wayòm Bondye a te preche nan fòse, e chak moun ap fè vit pou antre.

“Chak moun kouri antre Ladann.” Pa jis senpleman ap mache Ladann, alèz, men ou dwe prese antre Ladann. Ou wè? Kounye a, “Si n ap chache M ak tout kè nou, lè sa n ap jwenn Mwen..”

44 E Li te pwomèt Li t ap retounen pou mennen pèp la, ki te dispèse sou tout tè a, apre swasann dis lane sa yo, retounen nan Jerizalèm kote yo te kite a; e Li te fè l jis fason sa. Se vre.

45 Kounye a nou pral pale sou--sou *A Bout* pandan kèk minit la. Abityèlman, sa pran yon ijans, pou mete nou nan yon eta dezespere. Ou wè? Se domaj sa oblije pran sa, men èt imen sitèlman neglijan nan panse yo, ke sa pran yon ijans. Yon bagay rive, e kan yo nan sa, alò sa--sa mete yo nan yon eta dezespere. E vrèman, lè w ap fè sa nan eta dezespere, sa fè soti vrè bagay ou ye a. Sa ap montre ak kisa ou fèt, nan tan dezespwa. Sa fè soti tout bon bagay ki nan ou.

46 Nan moman lanmò, mwen te tandè moun lè yo te konnen y ap mouri, bagay yo te kenbe sekre tout vi yo, yo menm, nan eta dezespere yo, yo te konn eseye konfese. Ou wè? Epi ap eseye konsa, "Pran sesi e mete l annòd; ale, souple; ale, fè sa," ou wè, nan dezespwa. Yo te dwe fè sa anvan, ou wè, pa ap tann jou nan moman ijans. "Èske w ap fè tèl-tèl bagay pou mwen?" Ijans pwovoke dezespwa. Alòske, nou ta dwe fè sa san se pa ijans.

47 Bon nou remake, aswè a, n ap pran senbòlik Pak la. Pak la te manje an ijans, nan tan dezespwa. Remake nan--nan Egzòd chapit 12, epi vèsè 11 chapit 12 la, mwen kwè se sa, sa di, "Manje Pak sa ak soulye w nan pye w, ak ren w mare sere, e ak baton an nan men w," ou wè, w ap manje l nan yon eta dezespere.

48 Yo te wè men pwisan Bondye. Yo te wè tout mirak Li yo, e apre sa yo te vini anba Siy lan. E pandan yo te anba Siy lan, yo te pran kominyon nan--nan yon eta dezespere, paske yo te konnen nan moman sa Bondye te sou pwen frappe ak jijman.

49 E se te yon moman moun ap tranble. Se te yon tan kote chak òm t ap egzamine tèt li, paske Pawòl pwofèt la pa t fayi yon sèl fwa. Sa te pwouve ke se te vre. Kèlkeswa sa l te di, sa te rive jis egzakteman fason li te di l la. Kolòn Dife a te toujou la. E, lè sa, pwofèt la te anonse ke Bondye ta pral eskive sèlman kan Li te wè siy lan sou pòt la. E se te yon eta dezespere.

50 Mwen ta ka imajine timoun yo te...kan yo te wè gwo zèl nwa sa yo ki t ap desann sot nan syèl la tankou lafimen ki t ap vlope vil la, gwo kri ki t ap soti nan chak kay, timoun yo petèt t al jwenn papa yo pou di, "Papa, èske w sèten ke nou anba siy sa?"

E li ka te al nan pòt la, gade sou poto a, sou kad la, li te di, "Pitit gason m, sa fèt dapre Pawòl la."

"Sonje, mwen se pi gran pitit ou. Papa, èske w pozitif?"

51 "Mwen pozitif! Sa fèt dapre sa pwofèt la te di nou, e li gen Pawòl Seyè a. Li te di, 'Kan Mwen va wè san an, M ap eskive w. Pran yon ayo pou kay la.' Mwen te fè nou tout timoun yo antre. Ou se pi gran pou mwen, men epitou premye ne pa mwen. Se sila yo k ap mouri tout deyò a la; men san an la. Se sa ENSI DI SEYÈ A te ye. Kidonk repoze w, pitit mwen, rete trankil, paske Bondye te fè pwomès la. Ou wè?"

"Ebyen, Papa, poukisa ou gen soulye w nan pye w? Poukisa ou gen baton w nan men w? Poukisa ou gen yon moso pen nan yon men epi yon ayo nan lòt men an? Poukisa zèb amè ak bagay sa yo? Poukisa w ap manje sa? Kisa gout swe k ap koule desann sou figi w la vle di?"

"Pitit mwen, lanmò sou pwen frape." Ou wè, se te nan yon moman dezespere.

52 Bon, mwen kwè ke n ap viv nan tan kote n ap...Oswa, nan lòt mo, jou n ap viv ladan yo a ta dwe pouse Legliz ale konplètman nan eta dezespere. Mwen kwè, depi mesaj maten an ki vin de Bondye, pa de mwen, mwen kwè sa ta dwe pouse tout kongregasyon sa nèt nan yon eta dezespere, paske nou t ap jwe ase depi lontan. Nou te al legliz ase lontan. Nou dwe fè yon bagay.

53 Kouman fè nou ka wè gwo lòt siy ak mèvèy ap fèt pou lòt yo, e nou menm? Sa ta dwe pwovoke yon eta dezespere, ke nou detèmine, devan Bondye. Siy Vini Li ta dwe mennen tout kongregasyon sa nèt, lè nou li l nan Pawòl la...Sentespri a di nou, "Al yon kote, tèl-tèl bagay va rive," se pa ap di nou kisa sa te ye, men ke sa ta pral rive. Nou al la, e sa rive fason sa. Jounal rapòte l, magazin rapòte l, montre foto l. Retounen isit la pou ap wè gwo mistè sa yo, kache nan Bib la, ki te louvri pou nou, nan yon nouvo domèn ke nou pa t janm konnen anvan, epi jwenn plas li pafètman nan Vini Seyè Jezi a.

54 Apre sa, nan fen Mesaj yo, pou ap wè aksyon gran Sentespri a, pou ap wè L desann vizib devan moun yo, pou menm pran foto L. Pou ap wè L ap travay epi montre ke se pa yon

nonm, se pa jis yon predikatè, se pa yon kongregasyon kèlkonk. Se Sentespri a k ap montre menm bagay Li te fè kan L te enkane nan kò Jezikri a. Kounye a Li enkane nan Kò Lepouz Li. Sa ta dwe pouse nou nan yon eta dezespere.

55 Moun sa yo te wè men Bondye. E sware kominyon sa, yo te pran l avèk...nan yon eta dezespere, paske yo te konnen ke yon bagay te sou pwen rive. E nou konnen ke yon bagay sou pwen rive. Epi sonje, Vini Seyè a va yon depa bripsoukou an sekre. L ap vini pou pran L tankou yon vòlè ki vin lannwit. E pou ap panse ke si yon moun, bripsoukou, gen manm nan fanmi nou ki pati, epi ou rete dèyè! Sa ta dwe pouse nou nan yon eta dezespere, ki t ap fè, ak gras Bondye, nou pa t ap rete dèyè. “Si gen yon bagay mwen pa renmen...Piga, pigam, W kite m, Seyè.”

56 Kèk jou pase mwen t ap tande Mel Johnson ki t ap chante kantik sa:

Sonje mwen lè dlo nan jye ap koule, wi

Sonje mwen lè zanmi yo pa bò kote m

Epi m va travèse rivyè Jouden an

Kan W va fè apèl la, sonje mwen.

57 Epi mwen vle non m ekri, nan Liv Lavi Ayo a. Mwen vle Li sonje m kan apèl la va fèt. E sa pouse m nan yon eta dezespere, ki se, jan Pòl te di a, “Après m te fin preche Levanjil èske m ap yon–yon swadizan, èske m ap youn ki rejte?” Sa ka rive. Kidonk sa pouse m nan yon eta dezespere, a bout, pou ap panse, apre tout ane sa yo ap preche, èske ta dwe–èske m te ka...yon kote m te ka fayi a Limenm? Kisa pwochenn etap la ye? Kisa m dwe fè apre? Sa pouse m nan yon eta nèvozite. Kisa m ka fè? Sa pouse m sou montay ak vale yo. E se difisil, paske, lè m avèk moun, mwen dwe tout bagay pou tout moun, pou m kapab atire kèk pou Kris, men kanmenm ak Siy sa toujou devan mwen. Ou wè?

58 E mwen wè dè bagay k ap vini, e ou pa ka di moun yo. Ou wè divès bagay, e yo entèdi w. Vizyon sa yo ke se yo menm ki pwovoke yo, pafwa yo ka (deçu) si w ta di yo, e ou konn mye pou pa fè sa. E alò ou ale sitèlman lwen nan vizyon yo jouk tout bagay vin tankou yon

vizyon, e sa pouse w nan yon eta nèvozite. Ou–ou gade epi w di, “Bon èske m nan yon vizyon?” Tankou rete jis la, “Èske se yon vizyon? Ki kote m vrèman ye la?” Ou wè, ou–ou toujou ap poze tèt ou kesyon, w ap pouse tèt ou pi lwen. E w ap dekouvri dè bagay konsènan moun ke w swete ou pa t konnen. Moun ki vle bagay sa yo, pou konn bagay sa yo, yo pa reyalize kisa jan de ministè sa koute. Ou pa konn sa ki ale avèk sa. Alò sa pouse w nan yon eta dezespere, “Bondye Seyè, mwen konnen m pral gen pou m reponn.”

59 Jack Moore yon fwa te di m, “Mwen pata renmen gen pou m reponn tankou w, Jou jijman an.” Li te di, “Bondye mete moun sa yo nan men w, e ou pral gen pou rann kont pou yo chak. Ou pral reponn pou ministè w.” Sa fè kenzan pase, oswa petèt sèz. E depi lè sa, m te nan yon eta dezespere. Kisa m ap fè?

“Pèmèt mwen di sèlman sa W di, Seyè. Kite m di yo sa k Laverite, osinon piga m di anyen.” Sa pouse m nan yon eta dezespere.

60 Alò poutèt m ap gade siy sa yo k ap vini, poutèt mwen wè Sentespri a pran nou laba, pou mennen So sa yo, epi etann yo konsa. Mennen Aj Legliz yo epi etann yo, apre sa desann nan yon gwo tonton Kolòn Dife laba, epi–epi revele Tèt Li. Apre sa desann nan pwochen bagay la, nan Sèt So yo, pou revele I. Te menm mete I nan journal ak magazin. Apre sa antre pou pran zanj Bondye yo, sèt zanj sa yo avèk sèt Mesaj, pou konfime egzakteman sa Bib la di. Lè sa, pandan moman sa, monte pou pote So sa yo...siy sa yo, kliyotan tan lafen an, epi mennen I bay moun yo pou di yo kisa sa ye, epi tout bagay nèt, e Seyè a ap travay drèt la pou ap montre prezans Tèt Li. Epi apre sa, dirèk tankou maten an, vini pou egzije Siy sa pou chak moun. Alò, nou se moun pa m yo. Nou se sila yo ke mwen renmen, sila yo ak sa yo k ap tande bann yo, elatriye. Alò nou wè nan kijan de eta dezespere sa pouse m.

61 A bout. Siy Vini Li an ta dwe pouse chak manm Kris nan yon eta dezespere kounye a, konsènan nanm nou, konsènan byennèt avni nou–nou–nou. Ebyen, a kisa sa ap sèvi si nou posede lemond antye? Poukisa, poukisa n ap viv? Poukisa w ap travay? Poukisa w manje? Poukisa w ap debat? Pou w viv. Poukisa w ap viv? Pou w mouri. E ou pa diy pou w viv tan ke ou pa diy pou mouri. Se vre.

62 E nou temwen sitèlman mirak gerizon, sa ta dwe mete nou nan yon eta dezespere.

63 Si ti gason sa...Èske m ap gade Madam Peckinpaugh la? Èske se Madam Peckinpaugh? Èske w se sila ki te gen ti gason an la, yon fason oswa lòt fason an? Enben, men dam lan ki jis la ke m t ap pale a. Sa bay ke m te fè yon koudèy pou wè l.

64 Kounye a si Bondye ka fè sa pou ti gason sa, sa ta dwe mete nou nan yon eta dezespere.

65 Yon nonm ki sot New Albany, li ka isi a aswè a. Li se yon zanmi Frè Roberson. Li te gen yon ti gason isit la. Mwen kwè madanm li te gen kansè yon fwa epi li te geri. Epi—epi la, ti gason an te asmatik sitèlman ke li te jis an movèz kondisyon. Ti zanmi an, te prèske gen kansè nan gòj, li menm. Ou wè? Epi apre li te mennen ti gason an, ya, m wè men l anlè dèyè a, dèyè la a, yo te priye pou li maten an, nou wè.

66 A bout! Lè madanm lan te prèske mouri ak kansè, li te konnen ke Bondye te ka geri l. E si Bondye te ka geri madanm lan, Bondye ka geri ti gason an. Epi sa voye l nan yon eta pou l about. Ou wè? Ou dwe vini; e lè w a bout, alò Bondye ap tande w. Men si w jis relaks, ou pa sousye w ke L fè l ke L pa fè l, ebyen, lè sa se diferan. Ou di ke w sousye w, men sa pran ou dwe a bout pou fè sa.

67 Mwen kwè rezon ki fè nou pa a bout se paske se yon mank damou, pou Bondye, lanmou Bondye. Mwen kwè lanmou Bondye ap koz ou a bout. Si Bondye nan ou, Siy lan anndan w, e ou konsyan de kondisyon tan an, ak moun yo k ap navige nan peche jan yo ye a, sa ap pouse w nan yon eta dezespere. Mwen kwè sa ap fè l.

68 Kounye a Pawòl la deklare aklè, si w vle note sa, se nan Galat 5:6, ki di, “Lafwa opere nan lanmou.” Ou wè? “Lafwa opere nan lanmou.” E sèl fason pou w ka gen lafwa, se gen lanmou dabò. Paske, alafen, lafwa se motivasyon lanmou. Motivasyon, se egzakteman sa—sa lafwa ye. Se yon motivasyon pou lanmou. Bon, ou, si w pa gen lanmou, ou pa ka gen lafwa. Ou wè?

69 Kouman w ka fè gen konfyans nan madanm ou si w pa renmen l? Sa se *phileo*. Kounye a sa k rive ak *agapao* a menm, pou Bondye? Kouman sa ka fèt si w pa renmen Bondye?

Si w di ou renmen madanm ou, epi ou pa janm di l sa, ou pa janm chita pou fè lanmou avè l, eksprime l sa, bo li, pase men nan kou l, pou di l ke li se meyè kwizinyè nan peyi a, tout bagay ou konnen, e kijan li bèl, e jan w renmen l; si w pa fè sa, li pap janm konn sa. Se fason an. Si w renmen l vrèman, ou eksprime sa.

70 Se fason sa nou fè avèk Bondye. Lè nou renmen L, nou di L sa. Nou desann nou e nou adore L, e nou ansanse L. Epi, ou wè, lanmou pouse nou fè sa.

71 Bon sa k t ap rive si ta gen yon bagay ki dwe fèt pou madanm ou? Enben, sa t ap pouse w nan yon eta dezespere pou w fè l. Sa k t ap rive si yon moun ta di madanm ou gen kansè? Sa k t ap rive si yon moun ta di madanm ou—ou gen TB, e li sou pwen mouri? Kanmenm, ou, ou t ap—ou t ap fè tout bagay. Ou wè, sa t ap pouse w a bout.

72 Se menm bagay la sa ye. Nou dwe gen lanmou anvan nou gen lafwa. E lafwa...Lè nou gen lanmou otantik, kisa sa fè? Sa presipite fwa nou sou chan batay la pou Bondye. Ou wè? Lanmou (pur) otantik pou Bondye ak Pawòl Li epi pèp Li, ap presipite lafwa laba. Lanmou jis sezi lafwa, epi se jis, "Annou wè, Ann ale!" E li met deyò, paske se sa lanmou fè.

73 Jan 14:23, Jezi di, "Si w renmen M, w ap kenbe Pawòl Mwen." Bon ou pa ka kenbe Pawòl Li san lafwa nan sa L di. Kidonk, ou wè, si l renmen Bondye, alò l ap kenbe Pawòl Bondye a. Si L di, "Mwen se Seyè a ki geri w," li kwè sa. Lanmou fè l kwè sa, paske lanmou domine tout bagay. "Menm si m te pale langaj lèzòm ak langaj Zanj yo, san lanmou, mwen pa anyen, ou wè. Menm si m ta gen lafwa pou fè montay bouje, epi m pa gen lanmou, mwen pa anyen." Lanmou domine tout bagay, paske Bondye se lanmou, se yon Bondye damou. Wi, mesye! Si Jezi di, "Si w renmen M, w ap kenbe Pawòl Mwen."

74 Nou konnen se vre ke Bondye ap rankontre yon nanm ki dezespere. Bon, nou tout konn sa. Men dabitib sa pran yon bagay pou mennen nou nan sa, nan eta sa, nan eta dezespere sa. Sa pran yon bagay pou fè l.

75 Nou jwenn, nan Jak 5:15, Bib la di, ke, "Lapriyè efektif ak konviksyon," sa se lè w a bout, "lapriyè efektif ak konviksyon moun ki jis la vo anpil. Kan yon nonm ki jis, yon nonm de byen, antre an travay," oswa nanm an vwayaj, ou pito an travay, youn ou lòt. Mwen—mwen

kwè se “an vwayaj” se yon pi bon mo. An travay, oswa an vwayaj, nenpòt jan w vle rele l la. Men kan yon–yon–yon nanm antre nan–nan yon eta dezespere, an travay, nan lapriyè efektif ak konviksyon on moun ki ka montre Siy lan, sa fè kichòy. Ou wè?

76 Remake sa Bib la di la tou, nan Jak 16, 5:16, li di, si... “Konfese fot nou yo,” mete sa annòd, prepare w pou sa, “konfese fot nou yo youn ak lòt.” Piga gen ankenn–ankenn fot...Mande moun pou priye pou ou, konfese fot nou yo youn ak lòt, e priye youn pou lòt. Men ni. Ak lanmou, lanmou, pou m ka gen konfyans ke m ka konfese fot mwen yo a ou menm; e ou menm ou ka konfese fot ou yo a mwen menm. Epi mwen renmen w ase ke m ap priye pou ou, e w ap priye pou mwen; e n ap rete avèk sa, ak lapriyè efektif ki fèt avèk konviksyon, jouk repons lan vini. Sa, sa se vin a bout. Se sa nou dwe genyen tout tan an.

77 Ann pran kèk egzanz biblik sou sa, sa ki te pase kounye a, pandan anviwon kenz minit, si Seyè a pèmèt nou.

78 Jakòb, se te yon nonm, li te premyèman yon ti ... yon ti gason ki yon ti jan vagnè. Li te fè refleksyon nan tèt li ke dwa denès la vle di tout bagay pou li, epi li pa t bay sa enpòtans de ki fason li t ap jwenn li, il sufi ke li te resevwa li. Epi, apre li te resevwa li, li te panse tout bagay t ap korèk, paske li te gen dwa denès la. Li te panse bagay la te regle. Li al vin jwenn frè li a nan moman li te grangou, li te vini sot nan jaden an, li sot travay ak bèt yo epi chase sèf yo. Donk frè li a, li—li te bezwen yon gwo po potaj, pwa sovaj ak—ak anpil bagay ansanm. Li te ka trè tantan lè yon nonm grangou, apre li fin mache tout jounen an. Epi frè l la di: “Mwen prèske nan pwen pou m endispoze. Ban mwen ti kal nan sa a.”

Epi li te di, "Oke, mwen...si w fè mwen sèman ke m ap gen dwa denès la." Ou wè? Li pa t bay enpòtans de kijan li te fè sa, jis pou li te resevwa li. Epi li te panse, lè li te resevwa dwa denès la, sa te sufi.

79 Pannkotis, se la ou echwe! Ou te panse paske ou te ne de Lespri Bondye, ne de Lespri Bondye a, Dwa denès la, sa te sufi. Men, sa sèlman kòmanse li. Ou sonje nan mesaj la nan—*Koute Li*, kijan ke timoun nan, apre li te fèt nan yon fanmi, vin tounen yon fis eritye. Li te gen dwa sou dwa denès la, men li te dwe pwouve, fè antrenman jivenil. Answit, si li pa t pwouve ke li se yon—yon timoun obeyisan a volonte papa a, alò li dwe, ebyen, li pa t jwenn ... li pa t yon ... vin yon eritye. Li pa t eritye anyen, poutan se te yon pitit gason, men li pa t eritye anyen si li pa t enterese nan travay papa a.

80 Se konsa, lè Sentespri a desann sou pèp Pannkòt la epi yo te kòmanse retabli don ak bagay ki te nan legliz la; yo te panse, paske yo te ne de Lespri Bondye, sa te sufi. Men, ou wè, gen yon plasman pou pitit gason an. Donk apre pitit gason sa a te pwouve li se yon reyèl pitit gason, lè sa a, yo te mennen l nan yon plas piblik, lè sa a, yo te pozisyonel l, epi chanje rad li, epi pozisyonel l la; answit, te gen yon plasman de pitit gason an, ke li te eritye tout sa papa a te genyen.

81 Bondye te fè menm bagay la a Pitit li a sou mòn Transfigirasyon. Li te kouvri ak... oswa yon nwaj, e li te transfigire, epi rad Li te klere tankou solèy la, epi yon vwa te di, "Sa a se Pitit Gason Byenneme Mwen an

nan Ki Mwen pran plezi." Moyiz ak Iwa a te echwe. Epi sa a se Li: "Koute li." Li te plase L. Ou wè?

82 Kounye a, Jakòb te panse, paske li te gen dwa denès la, ke tout bagay te kòrèk. Se konsa moun pentkotist yo te fè, epi yo te kòmanse òganize, la—inite; trinite, ak trinitè yo, ak tout kalite òganizasyon, ak ajitasyon ak chire pit youn ak lòt, te pwouve ke Siy lan pa t prezante. Malis, jalouzi, diskisyon, ou wè, men se kote li te rive.

83 Kounye a, ou wè, Jakòb te panse menm bagay la. Men, nan laperèz, yon jou lannwit, pou pwòp lavi li, dezespwa te anpare l, lè li te panse ke, "Jis lòt bò rivyè sa a, frè m nan ap tann pou l touye m. Li pral fè sa." Ou wè, dwa denès li te genyen an, se bagay ki ta pral lakòz lanmò li.

Epi pafwa menm bagay ou resevwa a, kòm Sentespri a, Li se sa, epi yo ne de nouvo pa Lespri a, si ou pa siveye, se menm bagay ki pral kondane w a la fen. Se vre. Menm dlo ki te sove Noe a, kondane mond lan. Bagay ke—ke ou ta rele fanatik la ka se menm bagay ki kondane ou nan fen wout la.

84 Kounye a, Jakòb te konnen lavi l te rive nan fen kous li. Li te gen yon Mesaje ki te vin di l ke frè li a, ak katsan mesye ame, t ap vin rankontre l, yo te konnen li te—li te sou wout li. Laperèz te pran l. Li voye plizyè nonm devan ak bèf, betay, ak mouton pou fè ofrann de pè ak Ezayi. Answit, apre sa, li te voye yon lòt gwoup ak yon lòt chaj bagay. Answit, li te voye yon lòt gwoup ak yon lòt chaj bagay, pou eseye rankontre l an premye, pou yo eseye apeze kòlè li. Answit, li te kòmanse reflechi, "Sa pa pral estope l, paske li pwobableman pi rich ke mwen. Li pa bezwen li." Apre sa, li pran madanm li ak pitit li yo, li voye yo travèse pou Ezayi te wè timoun piti yo ak madanm li. Donk sètènman se pwòp ti nyès li yo ak neve li yo, li pa t ap touye yo. Answit, li, toujou li pa t kapab fè li. Bondye konnen ki jan pou l mete men sou yon nonm. Jakòb te janbe ravin lan. Laba a li te mete ajenou.

Ou konnen, li te yon tijan magouyè, anvan sa. Eskize ekspresyon an, men yon ti kras...Li te yon Jakòb. Jakòb vle di "yon tronpè," e se sa li te ye. Men, gen yon bagay ki te dwe rive li. La nan dezespwa, la kote lanmò te kouche devan li...

85 Gendwa gen gason ak fi ki chita la aswè a, ke, lanmò kouche dirèk devan ou. E sèl fason ke ou pral janm kapab reyalize bagay ke w vle a, se vini ak dezespwa. "Mwen dwe jwenn li, aswè a. Mwen dwe jwenn li kounye a, oswa mwen fini. Demen se twò ta. mwen dwe genyen li kounye a!"

Lè w priye pou batèm Sentespri a, Siy la, pa di, "Oke, kounye a mwen prale epi eseye. Seyè, mwen, mwen yon tijan fatigue." O, mizerikòd, rete chita nan plas ou! Pa menm-pa menm fè tantativ. Si ou vini, di, "Mwen pral pase nan liy lapriyè a; mete lwil la sou tèt mwen, m ap wè si li fè m byen," li ta preferab pou rete kote ou ye a. Jiskaske ou jwenn yon plas, jiskaske tout legliz la rive nan yon plas, kote se ant lanmò ak lavi, ou dwe jwenn Li kounye a oswa peri, alò, Bondye ap deplase vin sou sèn nan. Sa pran dezespwa pou atire Bondye sou sèn nan.

86 Jakòb te kriye tankou jamè oparavan. Ak dezespwa li rele jiskaske li jwenn yon grip sou Bondye. Epi lè li te fè sa, li te lite; pa pou ken z minit. Li lite pou kenbe l, nan nanm li, tout nwit la; e malgre tou li te konnen li pa t gen benediksyon an, epi li te kapab kenbe jouk benediksyon an vini. Li te lite ak dezespwa jiskaske benediksyon an vini. Answit, lè li te wè... jiskaske Bondye te vini sou sèn nan. Lè sa a, nan dezespwa, "Mwen pa p kite Ou ale," lè li te kòmanse santi benediksyon an ap desann sou li.

Anpil moun di, "Glwa pou Bondye, mwen jwenn li kounye a." La ou twonpe w. Wi! Yon moun di: "O, mwen jis santi m tèlman byen, Frè Branham, mwen te desann laba a epi m te priye. O, frison kouri sou mwen." E sa te kab Bondye. "Mwen te wè yon gwo limyè devan mwen." Sa toujou te ka Bondye, men se pa de sa m ap pale.

87 Bib la te di, nan Ebre 6yèm chapit la, "Lapli tonbe sou moun ki jis ak moun ki enjis yo, an menm tan." Kounye a, ou pran ble, epi pran move zèb, epi mete yo nan jaden. E lapli ki te tonbe an reyelite pou ble a, men lapli a tonbe sou move zèb yo menm jan ak sou ble a. Alò, lapli a, epi move zèb yo rejwi toutotan ke ble a pou lapli a, epi se menm lapli a. Sentespri a menm jan ka tonbe sou yon enkwayan epi fè l aji egzakteman menm jan yon kwayan aji. Men se pa fwi yo ke ou rekonèt yo; se de sa m ap pale, sa se Siy la. Epi Da-...

88 Epi Jakòb, de preferans, nan dezespwa, li te di, "Mwen konnen mwen te santi W, Ou isit la avèk mwen, men mwen p ap kite ou ale."

Yon moun wè li kòrèk, premye ti sansasyon, yo leve epi sote ponpe, kouri ale nan koulwa a, di: "Mwen genyen Li , mwen genyen Li, mwen genyen Li." Oh, non. Huh-uh. Non.

Jakòb rete la jiskaske yon bagay rive, ki fè l mache diferaman, fè l yon lòt moun, paske li te rete jiska sa te rive. Epi li te kapab... Bib la te di, "Li kenbe jiskaske li te triyonfe." Kijan yon moun ka domine sou Bondye? Men, ou ka fè li. Ou menm ka fè li. Yon moun ka domine sou Bondye.

89 Yon fwa te gen yon nonm yo te rele Ezekyas, yon pwofèt te di l, "Ensi Senyè a di: ou pral mouri." Ezekyas vire figi l fas a mi an, epi nan dezespwa li pran kriye, "Seyè, konsidere mwen. Mwen te mache devan ou ak yon kè pafè, e mwen bezwen kenz ane ankò," apre Bondye te fin di l yon bagay ki ta pral pase, li ta pral mouri. Epi, nan dezespwa, li chanje pwogram Bondye a. A bout, menm si, li te kriye ak amètım nan dezespwa.

90 Jakòb te rete la jiskaske benediksyon an te vini, li te chanje non l de yon "tronpè" pou "yon prens avèk Bondye". Menm nasyon an te pote non li. Wi mesye! Kisa li te ye? Rezilta yo se te paske bagay la te dezespere l. Nan denmen, li rankontre Ezayi san l pa t bezwen okenn gad dikò. Li te mache dwat deyò a epi li rankontre l. Ou wè? Poukisa? Li te dezespere jiskaske li te jwenn asirans la.

Epi lè ou dezespere jiskaske ou jwenn asirans la. Si ou pa fè sa, pa menm vini nan liy pou resevwa lapriyè. Pa menm ale sou lotèl la. Tann jiskaske li ant lavi ak lanmò, pou ou, Lè sa a, yon bagay pral rive. Sètènman, dezespwa!

91 Yon fwa Rit te dezespere lè l te kanpe bò kote Nawomi. Èske li ta dwe retounen nan pèp li a, nan tout sa li te renmen, ak tout bagay ke li—li te adore, bondye li yo ak pèp li a, oswa li ta separe ak Nawomi? Kisa li dwe fè? Epi li te dezespere, li kriye, "Kote w ale, mwen prale. Kote w rete, m ap viv. Ki kote ou mouri, mwen pral mouri. Kote yo antere w, mwen pral antere... oswa m ap antere . Epi Bondye ou a pral Bondye mwen." Vwala, dezespere! Bondye beni li, li ba li yon pitit gason, Obèd. Obèd te fè Jese. Jese te fè, gras a Jese, Jezi vini. Paske, dezespwa!

92 Menm jan ak Rahab, yon ti jennès, li te dezespere. Li te konnen ke lanmò te kouche devan li. Li te anba jijman. Epi li te dezespere, li te di, "Mwen pral kache espyon yo. Mwen pral fè nenpòt bagay. Sèlman, fè sèman devan Bondye ou a, epi kay mwen an ap rete kanpe." Vwala.

Li te di, "Mwen pral... Si w ap pran siy sa a, li pral rete kanpe."

93 Elyezè te dezespere lè yo te mete responsablite a sou li pou al chèche yon epouz pou Izzarak. Elyezè, moun vil Damas, te yon gason fòmidad. Abraram te favorize l, e Abraram te fè l konfyans pou l soti epi al chache yon epouz, yon bon tip epouz, pou pitit gason l, Izzarak. Atravè sa Kris ta pral vini.

94 Kounye a, Elyezè se yon nonm espiyèl, li te konnen sa sa vle di. Bon jan kalite fanm sa ta dwe madanm gason sa a. E kijan li ta chwazi li? Nan lè dezespwa a, lè li te rive nan vil la, li priye epi li te di: "Seyè, Bondye!" Se bagay la sa. Lè ou dezespere, ale lapriye. "Seyè, Bondye, kite premye sèvant ki aproche epi abreve chamo a, epi ban m bwè, se fi sa a. Li te priye nan lè dezespwa li a.

95 Rebeka, bèl sèvant la, vini, li abreve chamo a. Lè sa a, li te di: "Pa fè m pran reta nan wout mwen." Li te oblije vini nan yon tan desizyon si li ta ale. Li te yon tip de epouz la. Èske li ta—eske li ta ale epi marye ak yon gason ke li pa t janm wè? Kounye a, sa se yon gwo bagay. Pa janm wè l, poutan li te sèlman tande pale de li pa sèvitè li a.

96 Sa se yon tip de Epouz la. Ou pa janm wè Kris. Men ou tande pale de Li, pa sèvitè Li yo, kisa Li ye. Ou vann tout bagay, kite kay ou, Li pran tout lòt bagay, pou ale jwenn li. Kounye a remake, epi li te pran desizyon an, yon tip de Epouz la, kite kay denominasyonèl li a, ou wè, pou ale.

97 Jonas, yo te jete l nan lanmè pandan yon tanpèt, nan fon lanmè a, nan vant yon balèn. Tout espwa pou siviv te ale. Men, li te remonte nan lespri l ke Salomon, nan dedikas tanp lan, te di: "Seyè, si pèp la nenpòt kote, epi yo pral vire nan direksyon tanp sa a epi lapriye, alò tande." Apre sa li vire nan vant balèn nan, eseye jwenn yon fason kote pou ajenouye l, mwen imajine, ak vomisman balèn nan tout sou li.

La li te priye nan dezespwa. Epi nan sa, dezespere; jis kèk souf oksijèn se tout sa li te genyen nan vant balèn nan. Epi nan kèk souf sa yo ke li te desine yo, petèt li pa t konnen nan ki direksyon li te ye, epi li te di: "Seyè, mwen kwè m ap gade anwo nan direksyon tanp Ou a." Ak jis kèk souf pou ale, nan dezespwa, lapriye, anba sikonstans sa yo. Sa pa t janm te fèt anvan, men li te dezespere. Li lapriye, e Bondye te kenbe l vivan pandan twa jou ak twa nit, epi delivre li nan plas la pou l bay mesaj Li a. Dezespwa!

98 Ana, yon fanm ki pa ka fè pitit nan Bib la, li te vle yon pitit gason, epi li te rive fè jèn pou li. Apre sa, li rete san manje, li lapriye jiskaske prèt nan tanp lan te panse li te sou. Li te si

tèlman nan dezespwa! Ak rès medam yo ap gade ki sòt de chapo lòt la te mete; epi ou konnen kijan sa ye; ak lòt la k ap gade ki kalite rad yo te pote, epi pale sou bagay sa yo k ap pase nan fèm nan. Men, pa Ana; li te pase dwat nan mitan foul moun yo epi li ale sou lotèl la. Li te fè jèn. Li te vle retire repwoch li a.

Ala yon diferans jodi a. Se prèske yon repwòch pou fè yon timoun. Nan tan sa, se te— se te yon repwoch pou pa t gen youn.

Epi li te mete ajenou. Epi li pa t janm remake diyite tanp la. Li pa t janm remake prèt onorab la pandan l t ap mache soti. Li te si tèlman nan detrèsvjiskaske dlo soti nan je l te woule sou figi li, epi li te kriye, nan dezespwa, "O Senyè Bondye, ban m yon pitit gason. Ban mwen yon pitit gason!"

99 Epi, remake, li pa t egoyis. Lè Bondye te tande l, li reponn priyè li epi li ba li yon pitit gason, li remèt li bay Bondye. Epi paske ke li pa t vle egoyis apre Bondye te fin reponn priyè li a, Li ba li yon pwofèt. O, se te yon benediksyon an plis. O, li jis chaje ak yo, ti bagay an plis sa yo ke li bay. Se pa sèlman yon pitit gason, men yon pwofèt. Epi pa t gen vizyon klè pandan anpil, anpil ane, nan pèp Izrayèl la. Samyèl, premye pwofèt la, pandan anpil, anpil ane, paske manman l te dezespere; ke li pa t kapab fè pitit, epi li te pase laj pou fè timoun, pwobableman swasant, swasandizan. Epi li te priye ak dezespwa, li dwe fè pitit sa a! Kisa li te ye? Bondye te pale pou li, san dout.

100 Ou pa ka dezespere jiskaske Bondye pale avè ou. O, Legliz, leve epi souke kò ou! Reveye konsyans ou, leve tèt ou, nan lè sa a! Nou dwe dezespere, oswa peri! Gen yon bagay ki pral vini de Seyè a! Mwen konnen sa tankou ENSI SENYÈ A DI. Gen yon bagay k ap approche, epi li preferab pou nou dezespere. Se ant Lavi ak lanmò. Li pral pase atravè nou epi nou pa pral wè li.

101 Paske li pa t egoyis, li te fè yon pwofèt.

102 Madanm Chounamit la te gen yon ti pitit gason aprè ke pwofèt la te prononse Pawòl Seyè a sou li, menm si li te fin vye granmoun epi mari l fin vye granmoun. Yo pa t gen pitit, men li te janti ak pwofèt sa a. Epi li te konnen li se yon sèvitè Bondye. Li te konprann ke li te onorab, yon nonm de byen. Li ale nan kay la, mari l pa t la, e pe enpòt. Li te yon nonm sen. Yo te kapab wè ke li te yon moun onorab. Li te gade l fè prodij ak bèl mèvèy. Li te tande l di plizyè bagay ki te pase. Li te yon nonm onorab, sen.

Li di mari I: "Mwen wè nonm sa a ki rete avèk nou an se yon nonm ki sen." Madanm nan kay la, li te konnen ke li te yon nonm sen pou Bondye. Apre sa, li bati yon ti kay laba a pou li, dekwa pou li pa anbarase . Li te kapab vini lè li te vle, elatriye. Li mete yon—yon ti kabann laba a, ak yon—ak yon krich dlo, e konsa soti, pou li te kapab lave tèt li epi bwè yon bagay. Epi li ta pwobableman voye sèvant la ale, oswa kèk lot moun, majòdòm la, ak— ak ti manje pou ba l manje yon fwa, oswa defwa pa jou pou li, elatriye.

103 Epi, se konsa, lè Eli wè jantiyès li te resevwa. Epi li li ekri: "Sa nou fè pou timoun mwen yo, se a Mwen Menm ou fè l." Se konsa li wè sa, fanm nan t ap onore Bondye menm jan li onore pwofèt sa a, menm jan li wè Bondye nan pwofèt la. Epi, kidonk, li pa vle anyen pou li. Sa pa t nan kè li pou anyen. Li jis fè sa paske li te renmen Bondye. Li pa t fè li pou okenn benediksyon. Li jis fè li.

104 Kounye a, Eli te di: "Al mande l, èske se pou mwen al pale ak wa a? Mwen se yon zanmi pèsònèl li. Oswa, kòmandan an chèf la, mwen—mwen konnen l trè byen. Gen kèk favè, yon bagay mwen ta ka fè pou li, mwen vle ba li yon bagay pou jan li te aji avè mwen. Li—li ban mwen manje. Li kite m dòmi nan kabann yo. Epi—epi li te vrèman janti avèk nou. Kounye a Kisa mwen ka fè?"

Li te di, "Non, mwen jis abite nan mitan pèp mwen an. Nou-nou byen. Nou gen yon sitisayon stab, e se tout. Nou pa bezwen anyen."

Gerazi te reponn li, "Men li pa gen pitit."

105 Pa menm Gerazi te wè sa, san dout pwofèt la te fè yon vizyon, paske li di, "ENSI SENYÈ A DI. Ale di l, nan tan apwopriye, oswa tan endike a, nan yon ane, li pral anbrase yon pitit gason.

106 Epi, pitit gason an te fèt. Lè li te gen anviwon douz ane... Kijan koup sa a dwe te renmen ti gason sa a, sèl pitit yo. Epi yon jou li te soti koupe ble, ak papa l. Se dwe nan mitan jounen an, li te pran yon kou solèy, mwen sipoze sa, paske li kòmanse rele: "Tèt mwen." Li te vin pi malad. Papa l te oblije wete l nan jaden an, epi se te si tèlman yon ijans, ke li te voye yon domestik, epi te voye chèche l.

107 Manman an kenbe l sou janm li jouk midi, epi li te mouri. Remake, sèl pitit li a, ke li te resevwa pa lapriyè epi yon promès de yon pwofèt ak ENSI SENYÈ A DI. Li te konnen te gen yon bagay mal yon kote. Li jis pa t fè sans. Ki jan Bondye ta ka ba li pitit gason sa a epi kite li—lanmou li vin jwenn ti bebe sa? Men, li pa janm mande pou li. Li te twò aje pou l te fè l. Men Bondye te dwe pwononse Li. Yon nonm te di sa, pwofèt la. Epi men ti bebe sa a nan kondisyon sa a, te mouri, sèl pitit gason li.

Alò li te di domestik la, "Sele yon milèt pou mwen, epi galope, epi pa kanpe. Si yon moun eseye kanpe ou, pa ou di yon mo, epi kondwi tou dwat sou mòn Kamèl. Anwo nan yon gwòt yon kote, byen lwen dèyè, gen yon sèvitè Bondye Pi Wo a; li ki te di a mwen menm, ENSI SENYÈ A DI, mwen pral fè pitit la. Mwen vle konnen poukisa Bondye fè sa." Se konsa, li te di ... "Ale dwat devan epi pa tcheke milèt sa. Kite I kouri osi vit ke li kapab. Kite I kouri jiskaske ou rive laba a." Dezespwa!

108 Epi, pwofèt Eli te leve, li gade, li di: "Men Chounamit sa a nan wout ap vini, epi, li, gen yon bagay ki pa ale byen. Bondye pa t revele m li. Mwen pa konnen sa ki pa ale byen." Li te di: "Ale rankontre I. Mwen genyen... Ann prese. Gen yon bagay ki pa ale byen."

Dezespwa anvayi pwofèt la, dezespwa sou fanm nan. Ou wè, yo t ap vini ansanm; youn vle konnen kisa Pawòl Seyè a te ye, epi lòt la pa t konnen ki sa Pawòl Seyè a te ye. Vwala. Youn vle konnen li, epi lòt la pa t konnen li. Madanm nan te vle konnen I, epi pwofèt la pa t konnen li. Li te di: "Bondye pa t revele m sa. Mwen pa konnen kisa pou m di li lè li rive isit la."

Alò, li te prèske la lè sa a. Li leve men I, li te di: "Èske tout bagay byen avè ou? Tout bagay byen ak mari ou? Èske tout byen ak ti pitit la?"

109 Kounye a, fanm lan te rive nan fen dezespwa li. Li di: "Tout bagay anfòm!" Glwa! "Tout bagay anfòm!" Dezespwa li te fini. Li te jwenn sèvitè Seyè a. Si li pa t la, li t ap toujou nan dezespwa. Men, ou wè, li te la. Li di: "Tout bagay anfòm!"

Elizepanse, "Ebyen, kisa k ap pase kounye a?"

110 Konsa li kouri, li lage kò I nan pye I. Sa te parèt on jan etranj, kifè Gerazi te jis leve I. Li te di: "Kite I trankil, pa fè sa." Eli di sèvitè I la: -Pa fè sa. Kite I trankil. Gen yon bagay ki pa mache. Bondye kache m sa." Alò li fè I konnen ke ti bebe a te mouri.

111 Bon, pwofèt la pa t konnen kisa pou I fè. Li di: "Gerazi, pran baton sa a m konn mache avè I la." Li te konnen ke kèlkeswa sa li te manyen te beni, paske se pa li, se te Bondye nan li. Li te konnen ki moun li te ye. Li te konnen li te yon pwofèt. Kifè li pran baton sa a, li di: "Gerazi, pran sa a, epi al depoze I sou timoun lan. E si yon moun pale avè w, se pou w vin dezespere. Epi piga w salye pèsonn, epi pa kite...Jis kontinye kontinye, pa pale ak pèsonn. Depoze I sou timoun lan."

112 Men, fanm lan, sa pa t mete fen nan dezespwa li. Sa pa t satisfè l pou sa l te vini an. Li te di: "Kòm Seyè Bondye a vivan, mwen--mwen p ap kite w jiskaske w al pran swen timoun lan."

113 Epi Eli te vin dezespere. Epi men li ki te pati, desann sou wout la, li menm ak fanm lan. E lè yo te rive la...tout moun yo te deyò nan lakou a, yo t ap rele epi yo t ap kriye. E fanm lan te fè bagay ki pi apwopriye ki te kab fèt. Li te pran ti bebe a epi li te mete l sou kabann kote Eli te kouche a. Sa te bon menm jan ak baton li a. Epi li pa t leve la, kifè bagay la pa t ap mache. Li te vle konnen yon bagay diferan.

114 Pwofèt la te antre. Kounye a li vin a bout. Kounye a kisa l pral fè? E nou jwenn nan Bib la ke li te mache monte desann atè a, dezespere. "Mwen pa konnen anyen ankò pou m fè, Seyè. Men mwen. Ou te di m pou m pale sa ak fanm sa a, epi MEN SA SEYÈ A DI. E se te egzakteman jan mwen te di l la, paske se Ou ki te di m li. Kounye a, men li nan twoub, e m pa konn sa pou m fè. Gen yon ti gason ki mouri la. Kisa m ka fè, Seyè?"

115 Pa gen dout nan sa, Lespri Sen an te di: "Si Bondye nan ou, alò lonje kò w sou ti bebe a." Premye bagay ou konnen, li te rete, li kouri epi li mete men l sou men pa l, nen l sou nen pa l, bouch li sou bouch pa l. Epi lè li lonje kò l sou li, ti bebe a estène sèt fwa. Dezespwa a te fini.

Ti bebe a te vin vivan, paske dezespwa sa a te pouse fanm lan al jwenn pwofèt la, e dezespwa te pouse pwofèt la al jwenn ti bebe a. E dezespwa nan toulède te kondwi Bondye sou sèn lan. Avèk lanmou pou Bondye, ak lanmou pou pèp li a, te fè lanmou Bondye desann, e li te jete lafwa nan batay la, epi travay la te fèt. Ka a te regle. Amèn! Se sa. Dezespwa fè li. Sètènman! Li pa t ap pati.

116 Avèg Batime te panse Jezi t ap pase bò kote l, li te chita bò pòtay la, yon avèg mandyan, pou l mande charite. Premye bagay ou konnen, li te tande yon bri; Jezi t ap pase. Li di: "Ki moun k ap pase la?" Yon moun te pouse l atè. Li di: "Tanpri, yon moun, ki moun k ap pase la?"

Youn nan yo, ebyen, petèt yon ti fanm janti ki te yon disip, te di l, li di: "Mesye, ou pa konnen Kilès k ap pase la?"

"Non. Mwen tande youn nan yo ki di: 'Gen yon simetyè ki plen nèt ak moun ki mouri isit la. Si ou konn leve moun mouri, al leve yo.' Èske se yon blasfematè oswa yon moun?"

"Non. Èske w te janm tande pale de Pwofèt Galile sa a, jèn Pwofèt sa a yo rele Jezi, moun Nazarèt la?"

"Non."

"Ebyen, ou konnen, nan Bib la li di nan woulo nou yo ke Pitit David la pral elve pou l chita sou li. Se Li menm."

"Èske se Li menm? Èske se Li menm, e se Li k ap pase?"

Dezespwa te pouse l rele : "O Jezi, Ou menm Pitit David, gen pitye pou mwen! "

Pa pase lwen mwen, janti Sovè m,

Koute kri enb mwen an;

Pandan W ap okipe zòt yo,

Pa pase lwen mwen.

"O Jezi!"

Gen nan yo ki te di: "Fèmèn bouch ou! Ou fè twòp bri."

117 Men li te dezespere. Si Li te pase lwen li, li ta ka pa janm gen yon lòt opòtinite. Nou ta ka pa gen yon lòt opòtinite tou; sa a ta ka dènye swa a. Dezespwa! Li rele byen fò, "O Jezi!" Kèlkeswa moun ki te di l pou l sispann, li te kriye menm jan an, pi fò fwa sa. Lè yo te di l pou l fèmèn bouch li, sa te fè l rele pi fò. Li te dezespere. Pèsonn pa t kapab fè l sispann l. "Ou menm Pitit David, gen pitye pou mwen!" Epi li te rele ak dezespwa.

118 Epi Pitit Gason Bondye a, avèk peche monn lan sou zepòl Li, Li t a prale Jerizalèm pou yo te ofri L, menm lè sa a, pou yon sakrifis pou monn lan, Li te kanpe sou chemen L. Dezespwa, yon rèl dezespwa, te rete Pitit Bondye a. Li di: "Kisa ou vle M fè pou ou?" O!

Li te di: "Seyè, pèmèt ke je m louvri."

Li te di: "Ou mèl al fè wout ou, lafwa ou sove ou."

Sa te ase. Dezespwa! Lè gen dezespwa pou resevwa yon bagay, ti touch ki pi faib la, lafwa sezi li. Ou wè? Li pa t di: "Kounye a, tann yon minit, tann yon minit, kenbe la jis yon minit, kite m wè si m ka wè kounye a. Mwen pa janm wè men mwen, pandan plizyè ane. Ann wè si mwen ka wè li. Mwen poko wè anyen." Lè Jezi te di: "Lafwa w te sove w," sa te ase. Se tout sa li te vle.

119 Dezespwa mande pou yon sijè, epi lè sijè a, kèlkeswa jan li fèb, yo resevwa l, yo kwè nan moman sa a, paske lafwa kenbe lè dezespwa ap pouse l. Ou wè? Lanmou ladann melanje avè l epi li pote l ba li. Dezespwa fè li.

Avèg Bartime te sezi vizyon an byen vit.

120 Pyè, li te tout eksite, yon jou lannwit sou lanmè a, lè li te dezespere. Epi li te kòmanse kriye : "Gen yon bagay ki mal. Mwen wè yon lespri k ap mache vin jwenn mwen!" Bato a te sou pwen koule. Li di: "Si se Ou menm, Seyè, di m vin jwenn Ou sou dlo a." Epi li desann soti nan bato a, li kòmanse; epi li te pè lè li te kòmanse, epi li te kòmanse koule, ak dezespwa... Menm si se yon erè, nan eseye suiv kòmandman Bondye yo, ... Mwen espere legliz la sezi sa. Nonm lan t ap fè sa Bondye te di l fè a.

121 Bon, ou menm Kretyen aswè a, ou sou wout pou w fè travay ou gen pou w fè, w ap eseye swiv kondwit Sentespri a; epi yon kansè kenbe w, oswa yon--yon lanmò kenbe w, yon kansè, tibèkiloz, kèlkeswa sa l ye a. Ou sou wout pou w fè travay ou gen pou w fè, ou gen menm dwa ke Pyè te genyen an.

"Seyè, sove m, sinon m ap peri." Nan dezespwa li te rele, epi yon men te lonje epi te pran l. Ou gen menm bagay la. Men li te kriye: "Sove m, Seyè!"

Li te tande kri dezespwa mwen an,

Li te leve m soti nan dlo yo,

Kounye a mwen an sekirite. Ou wè?

122 Se sa, lè w kriye!

123 Petèt fanm sa, yon manman, kèlkeswa sa l te ye pou li a, yon ti pitit gason, oswa yon pitit pitit, oswa yon neve, kèlkeswa sa l ye a, li te kriye ak dezespwa. Bondye te tandè.

124 Alò nou wè ke, pandan l t ap neye, Bondye te tandè li. Li te nan wout pou l fè travay li te gen pou l fè, li te konmanse neye. Li te echwe. Pa gen pwoblèm si w echwe, sa pa gen anyen pou wè ak sa. Nou tout echwe. Nou se yon echèk, pou konmanse. Men nou gen yon Moun ki kanpe kounye a ak yon men fò, Ki ka lonje men ba nou epi leve nou anwo dlo a.

125 Si w te fè yon erè, yon fanm te fè yon erè, yon nonm te fè yon erè, yon gason oswa yon fi te fè yon erè; piga w neye. Kriye, ak dezespwa: "Seyè, sove m, sinon m ap peri!" Se pou w dezespere pou sa. Bondye va tandè w. Li toujou tandè yon nanm ki dezespere. Se de sa m ap eseye pale nou an.

126 Chè Seyè Jezi nou an, Li menm, nan pi gran chan batay nan monn lan, Jetsemane, Li te kriye, ak dezespwa. Èske L ta dwe pran peche monn lan, oswa èske L ta dwe jis rete sou tè a ak disip byenneme L yo, kisa L te vle fè? Men gade imilite Li jan Li te imilye tèt Li: "Non pa volonte M men ke volonte W fet," Li te imilye tèt Li devan Pawòl la, Pawòl Bondye nan Syèl la ki te pwomèt la. Remake, alò, Li t ale on tikras pi lwen. E si Li t ale on tikras pi lwen, konbyen plis nou ta dwe ale on tikras pi lwen. Ou wè? E remake, Lekriti di isit la, nan Lik, ke Li te priye avèk fòs. Frè, sè, si Jezi te gen pou priye avèk fòs, konbyen plis nou dwe priye avèk fòs. Si Kris, Bondye ki nan Syèl la, ki te fè L chè, te dwe priye avèk fòs, alò konbyen plis nou menm, pechè sove pa gras, dwe priye ak tout kè! Si--si desizyon an te jete Pitit Bondye a nan dezespwa, kisa sa ap fè pou nou menm ak mwen? Nou dwe kriye avèk dezespwa.

127 Bondye, nan dènye jou sa yo, sitèlman manifeste tèt Li pou nou, ak gran siy Li yo ak pwisans Li, sa ta dwe fè nou dezespere. Se vre. E dezi Li pou geri nou epi sove nou, ta dwe jete nou tout nan dezespwa pou nou rive atenn Wòch gerizon sa. Se vre.

128 Gade, si Florence Nightingale...Aryè pitit pitit fi defen Florence Nightingale ki te fonde Lakwa Wouj. Ou wè foto l nan yon liv, li peze anviwon trant liv. Kansè te fin manje l. Nan Lond, Angletè; yo te pote l vini sot an Afrik, pou al nan Lond, Angletè. E la nan dezespwa...Frè Bosworth te ekri l yon lèt pou di l: "Nou pa ka vini an Afrik."

129 Li te ekri yon lèt, li te fe enfimyè a ekri l pou di: "M pa ka bouje. M pa ka fè sa."

Li te montre foto a. Nou wè foto a. Sèlman nou te oblije mete yon ti moso sou li. Li te jis gen yon ti kòd alantou li. Mwen panse petèt yon moun, mete l nan liv la, ka kritike paske li te...kò l te sitèlman ekspoze la a, ke...e nou mete yon ti bagay alantou li *isi a*. Li te jis genyen yon--yon ti ranyon, an twal depoze sou li, sou ranch li. Men anwo a, pat gen anyen. E menm...Men nou te panse pou n ta mete yon moso papye la epi fè foto...foto sa. Pou evite ke moun sa yo ki pa gen yon bon kalite pozisyon nan panse yo, pou ke yo pa ta kritike m paske m mete foto sa nan journal.

130 Answit lè doktè a te di ke li pa ka deplase, epi li te konnen mwen ta pral vizite Angletè, li te fè yo mete l sou yon branka, epi pake li nan yon avyon, epi mennen l nan Lond, Angletè, epi voye yon gad deyò nan avyon an anvan ou desann nan Palè Buckingham, voye yon gad deyò a pou vin priye pou li. Epi li te sitèlman fini jiskaske li pa t menm ka pale avè m. Yo te oblije leve men l pou yo mete l nan men pa m.

131 Nou konnen ki jan Lond ye, kèk nan nou sòlda ki te la. Li toujou tèlman gen bwouya. E mwen te mete m ajenou la bò yon fenèt, epi li...

Dlo t ap koule nan je l. Li te vle... Mwen pa konnen ki jan li te menm gen ase imidite pou pèmèt dlo koule nan je l. Li se jis sèlman zo, ak po sou yo; epi janm li—li nan nivo ranch yo, pat depase, dapre mwen, apeprè de pous dyamèt, oswa twa pous. Venn li yo te tonbe. Ki jan li t ap viv, mwen pa konnen. Ou te wè foto li pita.

132 Mwen te mete m ajenou bò kabann lan. Bon, li te dezespere; kit mwen te ka vini ou pa, yo pral mennen l, de tout fason. E mwen te desann la, kè m t ap senyen anndan m, poutèt lafwa pòv ti kreyati sa ki t ap mouri, epi mwen te priye ak tout kè m te genyen an. Epi pandan m te kòmanse lapriyè, yon ti toutrèl te vini, li te vole sou fenèt la, li kòmanse mache monte desann, antan l t ap woukoule. Mwen te panse se te yon bèt kay. Mwen te fenk rive an Angletè ke apeprè inèdtan, m te jis soti nan ayewopò an desann la. E mwen te panse se te yon bèt kay. Lè m te leve, m di: "Amèn," li te vole ale.

E mwen te kòmanse mande frè yo, èske yo te tande kolonm sa a? Epi yo t ap pale de li, e lè m te kòmanse di: "Èske w te wè, kisa kolonm sa a vle di..." Li te soti : "MEN SA SEYÈ A DI, w ap viv epi ou p ap mouri."

E l ap viv jodi a. Poukisa? Dezespwa. Dezespwa te pouse fanm lan pran pozisyon, viv oswa mouri. Dezespwa te fè aranjman pou li te rive la an menm tan ke mwen. E yon siy ki sot kote Bondye, Li voye yon kolonm, pou l bay MEN SA SEYÈ A DI. Dezespere!

133 Lè sè, ansyen Hattie Waldrop nan Phoenix, Arizona, li t ap mache sou twotwa a, nan premye reyinyon mwen an. Estajyè a ak mari l t ap mennen l; kansè nan kè a. Li te pran pozisyon li, nan eseye rive la nan reyinyon an, men li te sitèlman nan yon move eta li te...li pa t kapab respire ankò, san an t ap koule tonbe nan kè l kote kansè a te manje kè l. Bon, kansè nan kè a! Sa fè apeprè dizwit, diznèf ane de sa, petèt ven, se te nan lane 1947.

134 Bon, li te di mari l ak estajyè a: "Menm si m ta mouri nan liy sa a, mennen m anwo a la." Dezespwa. Li te pèdi konesans. Mwen pa panse li te mouri; li te deklare ke li te mouri. Bon, li ka te mouri. Li ka tande bann sa a, ou wè. Kounye a mwen—mwen—mwen...Li, li te deklare ke li te mouri; M pa konnen. Yo di m : "Gen yon fanm ki mouri k ap vin nan liy lan." Epi lè fanm lan te vini, li te san lavi. Epi lè yo te mennen l la, Pawòl Seyè a te vini; epi mwen t ale, mwen poze men sou li, epi li leve, li tounen lakay li, li mache. Sa a te rive, mwen ta di, san danje, dizwitan de sa, epi li osi an sante ak yon kè ki anfòm... Li pral nan Tucson al kontre m lè m desann la. Dezespwa, "Menm si mwen mouri nan wout la, toujou, men mennen m laba. Li geri lòt moun, li pral geri mwen." Vle!

135 Se pou kè nou ranpli ak lanmou nan jou sa a, epi se pou nou serye, ak dezespwa. Apre yon ti tan li ka twò ta.

136 Yon fwa Jayiris te gen yon ti pitit fi ki t ap mouri. Li te yon kwayan fwontalye. Li te kwè Jezi, men li te pè konfese sa, paske yo ta mete l deyò nan sinagòg la. Men doktè a vini yon maten, li di : "L ap mouri kounye a." Dezespwa te kòmanse. Li pa t 'kapab pèmèt li, akòz pozisyon li, pou yo te kenbe l k ap mache avèk Jezi, moun Nazarèt la, paske li ta pèdi pozisyon li kòm yon prèt.

Men, mwen di nou, lè ijans lan rive, sa te jete l nan dezespwa. Mwen ka wè l k ap chache ti manto predikatè l ak chapo l, li te mete yo sou li. Men li ki te desann nan mitan foul moun yo, l ap depeche l; kote te gen yon fanm ki te jis manyen rad li, ak lòt bagay, epi yo tout t ap rele byen fò. Men li te antre epi li di: "Mèt, ti fi mwen an kouche nan pwen lanmò. Mèt, Mèt, ti fi mwen an kouche nan pwen lanmò, e si W jis vin mete men W sou li, l ap viv. O, la la! Dezespwa fè ou di bagay pafwa, fè ou fè bagay. Li mete ou nan aksyon. Pitit fi l la te sove pa dezespwa a.

137 Ann dezespere, tankou ti fanm sa a ki gen pwoblèm ap pèdi san an. Bib la te di li te depanse tout kòb li, ak doktè yo, e poutan yo pa t ka ede l. Li te kòmanse nan tan menopoz li, nan inondasyon, ak yon pwoblèm san, epi li pat vle sispann. Petèt yo te vann fèm nan, milèt yo, chwal yo, ak tou sa li te ye; e pa gen anyen ki ka ede l. Prèt yo te di li pa janm mache konsa. Men yon maten li gade anba. Li te abite sou rivaj la, anwo kote fèm lan te ye a, epi li te wè yon pakèt moun k ap rasanble bò kote yon Nonm laba a, epi yo di: "Kisa sa ye?"

Li di: "Se Jezi, moun Nazarèt la." Dezespwa te tabli.

Li di : "Mwen ensiyifyan. Mwen—mwen...Men si mwen ka touche sèlman bò rad li a, m ap geri." Epi li te pase bò kote tout kritik ak tout lòt bagay. Men alò li te rive nan plas la, li manyen rad li, ak dezespwa.

Lè Li te fè sa, Li vire, Li di: "Ki moun ki touche M lan?" Epi yo tout te nye li. Men Li te gade alantou. Li te genyen yon gwo don Bondye. Li te Bondye; epi Li te jwenn ti fanm lan epi li te di li pwoblèm san li an te sispann. Dezespwa te pouse l fè sa.

138 Se dezespwa ki te pouse—pouse larenn Sid la. Li te tandè don Bondye a t ap travay nan Salomon. Dezespwa te pouse l nan sa.

139 Dezespereman! Sa se moun, tankou ou, tankou mwen. Yo pa t diferan de ou menm ak mwen. Yo te gen senk sans. Yo manje, yo bwè, elatriye, tankou nou fè, yo viv epi yo mouri. Yo te èt imen.

140 Sa te fè l nan yon dezespwa konsa jiskaske li te pran yon pati nan wayòm li an. Li te mennen l nan yon kote jiskaske li pa t panse ak Izmaelit yo ki t a vòlè l nan dezè a, katrevendis

jou li sou do yon chamo atravè dezè Sahara a. Dezespwa! Li prale, de tout fason. E lè li te rive la, pa t gen anyen nan men Salomon, men sa li te di l sou sa li te vle konnen. Dezespwa! Jezi te di : “L ap leve nan Jou Jijman an, ak jenerasyon sa a, epi l ap kondane l, paske yon pi gran pase Salomon te isit la.” Dezespwa!

141 Pou fini mwen ta ka di sa. Sa pa gen lontan, laba nan Meksik, mwen te wè yon bagay dezespere. Mwen te jis rive sou platfòm lan, la nan yon gwo arena, e moun yo te la depi nèvè nan maten sa a, epi li te prèske dizè swa sa a. Yon vye avèg, lannwit lan anvan, totalman avèg depi anviwon trant ane, te resevwa vizyon li, li t ap mache nan vil la jou sa a, ap temwaye. Yon pil vye rad, ki te gen jis on pakèt vye chal ladan yo te depoze sou yon distans petèt de karant oswa senkant mè, ak yon wotè *konsa*. Te gen petèt karant, senkant mil moun la. On pakèt vye chapo ak chal, pou ki moun yo te ye, mwen devine yo ta dwe deside sa nan mitan yo. Epi lapli t ap tonbe.

142 Epi yo te fè m desann avèk yon kòd, sou yon miray, epi m te rive sou estrad la. Minis la... Nonm ki te chita la a, yo mennen l... Li menm ak pitit fi li a te soti Michigan depi kèk minit, yo te pale de Frè Arment. Nou sonje li isit la. Li nan lari Laglwa yo aswè a. Frè Arment te la, li te retire manto li, li te kanpe nan lapli a, epi li te bay Frè Jack Moore li pou l mete l, paske Jack t ap tranble. Nonm ki sot nan Sid la te prèske pran yon fwa anba lapli frèt sa a nan Meksik. Epi la li te kanpe la.

143 Epi Billy Paul vin jwenn mwen, pitit gason m lan, epi li di: “Papi, w ap oblije fè yon bagay. Gen yon ti fanm Meksikèn anba a ak yon ti bebe ki mouri maten an. Mwen pa gen ase uisye pou kenbe l nan liy priyè a.” Si poze men sou avèg sa a te ba l je l, sa ap ba li lavi l si yo poze men sou ti bebe ki te mouri a. Li te yon Katolik. E, li menm, yo pa t kapab metrize l.

Epi Frè Espinoza ak lòt yo te di l sa: “Nou pa gen kat lapriyè ankò. Ou pral oblije rete tann yon lòt sware.”

144 Li di: “Pitit mwen mouri. Li mouri depi maten an. Fòk m antre la a.” E li ta pral vini, kat lapriyè ou non. E yo aliyen anviwon twasan moun la a. Li pase anba janm yo, epi sote sou do yo, epi ap kouri avèk bebe sa a ki mouri, epi tonbe nan mitan yo. Li pat fè okenn diferans pou

li; li tap eseye rive la a. Li te dezespere. Bondye te pale avèk kè li, ke, “Bondye a te ka bay lavu, bay lavi.” Oh lala! Li te dezespere. On bagay tap boule andedan l.

145 Oh, moun malad, si nou kite sa a boule andedan nou pandan kèk minit, epi gade sa kap pase, kalite dezespwa sa a. Bondye a ki te resi geri ti gason sa a lòt sware a, ki te resi geri dam sa a avèk kansè, ki te geri nonm sa a, epi te fè sa, Miss Florence Nightingale, oh, dè dizèn de milye! Li, sa a, son prèv enkontournabl; resisite mò yo, epi geri malad yo, epi tout rès la. Si Li se Bondye, ki ka fè sa; Li se Bondye ayè, Li se Bondye jodi a. Vin dezespere, lè sa a wap gon bagay ki fèt.

146 Apresa, nan dezespwa sa a, li kontinye vanse. Mwen di Frè Jack Moore, mwen di: “Li pa konnen m. Li pa janm wè m. Li pa konn kiyès ki isit la sou platfòm lan. Ti dam Katolik sa a, kounye a, li pat ka pale on grenn mo Anglè, alò kijan l ka fè konnen kiyès sa ye?” Mwen di: “Desann, epi priye pou bebe a, epi sa ap satisfè l, epi lap ale.” Di: “Epi sa pap koze...” Se te jis on bri konstan anba a. Li tap sote, epi tout moun tap rele. Li tap kouri jis anlè zepòl yo, epi tonbe nan mitan yo. Li tap genyen kèk mèt, epi yo tap eseye remete l deyò; e la a li te nan mitan janm yo, ap kenbe bebe sa a, ap deranje moun yo ak tout rès la. Sa pat fè okenn diferans, li tap monte isit la. Fòk li te rive la a! Sa pa fè okenn diferans sa l te ye, li ta pral rive la a. Si pastè a...

147 Kounye a èske sa pa yon istwa tankou fanm sunamit la? Sèlman, sa pat gen twa mil senksan ane de sa. Sa te anviwon twazan de sa, ou katran. Wè?

Yo ka menm bagay la aswè a. Lè menm dezespwa a ap leve, nap voye lanmou ak lafwa a sou chan batay la, pou reklame sa w vle, paske se yon pwomès Bondye ke ou ka genyen. Se egzakteman sa.

148 Mwen tounen; mwen, pastè a, ou evanjelis la sou plas la. Mwen tounen. M santi m mal pou dam la, men pa gen dezespwa. Wè? Mwen tounen e mwen panse: “Ebyen, Frè Jack pral priye pou li, e-e sa pral regle tout bagay.” Mwen tounen. M di: “Jan map pale kounye a, lafwa...”

Epi m gade lòt bò a, e te gon visyon. M wè on ti bebe chita la a, on ti bebe Meksiken ak figi nwa, san dan. Li tap souri ban mwen, chita la a lòt bò a. Mwen di: “Tann on minit. Tann on minit.” Dezespwa li pouse Sentespri a pou chanje sijè mwen, chanje rega mwen e montre m bebe l ki chita la a. Sa a voye Lespri a tounen. M di: “Tann on minit. Tann on minit. Mennen bebe a ban mwen.”

Men li kap vini ak on ti kouvèti ble e blan, mouye e tranpe, on fòm ki mouri apeprè longè sa. Li tonbe, avèk on krisifik nan men l, ou yon chaplè, pou di “Ave Maria” sa yo. Mwen di l: “Ranje l, sa pa nesesè.”

E li pwoche l de mwen, epi li kriye e li rele: “Padre,” ki vle di: “Papa.”

Mwen di: “Pa di sa. Pa di sa. Èske ou kwè?” Epi li di l an Panyòl pou li, èske l te kwè.

“Wi,” li te kwè. Li mande l kijan l fè kwè. Li di: “Si Bondye ka bay granmoun sa lavu, li ka bay bebe mwen lavi.” Amèn. Dezespwa a pouse l fè sa. Se pa mwen ditou; m jis wè yon vizyon.

Mwen di: “Seyè Jezi, m wè yon vizyon de yon ti bebe, se ka li menm.”

Apeprè moman sa a, li voye kout pye, pandan lap: “Wha! Wha! Wha!”

Mwen di: “Swiv li kay doktè a. Mande yon deklarasyon doktè a ki ekri, ‘Bebe sa a mouri.’” E li... doktè a ekri deklarasyon a, “Respirasyon ak kè bebe sa a te kanpe maten a, nan biwo mwen a nevè, li mouri ak on nemoni doub.” Oh, bebe a ap viv Meksik aswè a, dapre sa m konnen. Poukisa? Dezespwa a te enstale nan kè on ti manman, ki tap kriye pou pitit li, ki te wè Bondye fè... geri je on moun avèg, e li te konnen ke l te ka resisite bebe ki mouri a.

149 Dezespwa! Si ou chache M ak tout kè w, lè sa a M ap tande w.” Wè?

150 Wayòm la! “Lalwa ak pwofèt yo te rive jiska Jan. Depi lè a, Wayòm Syèl la te preche, epi lonm apiye sou Li.” Ou pa jis rete la ap di: “Pran m pa kòlèt, Seyè, fè m antre.” Ou apiye sou Li. Ou vin dezespere, ant Lavi e lanmò.

151 M ta renmen gen tan pou yon lòt istwa, ke m tap panse kounye a, de yon fanm, on fi, ki pran on move wout, e kijan li te vire nouvo paj ak bagay, jiskaske m di: “Sè...”

Li leve e li di: “Mwen-mwen kwè ke map anfòm.”

M di: “Non, non! Rete la.”

Epi answit, premye bagay ou konnen, li kòmanse priye on ti kal, e imedyatman li vin de plis an plis fò. Apre on moman, li vin dezespere, li di: “O Bondye, sove m!”

152 Alkolik Anonim pat ka geri l. Anyen lòt te ka fè l. Men gwo je nwa sa yo te gade m, epi dlo nan je kap koule sou jou li; li di: “On bagay rive.” Oh, wi! Wi, msye! On bagay rive. Li te dezespere.

153 Annou dezespere sou sa; ant lanmò ak Lavi.

154 Si ou pa ka dezespere, pa vin bò isit. Si ou dezespere, vin isit epi gade, w-w ap genyen l osito ke w vin isit.

155 Annou priye. Nan dezespwa a, veye pou Wayòm Bondye a, L ap vin sou ou.

156 Papa nou ki nan Syèl la, m priye W nan Non Jezi, gen pitye pou nou, Seyè. Epi fè ke nou kòmanse a bout. O Seyè Bondye, gen pitye pou nou, m priye, epi kite moun yo chache W aswè a avèk kè ki a bout. Nou konnen ke Ou la a, Seyè. Ou se menm lan ayè, jodi a, e pou toutan.

157 E kounye a, ke moun yo ki gen Siy la, ke yo pase de lanmò a Lavi, yo chanje de ansyen vi mond lan a yon nouvell vi. Yo fè l. San an te aplike; e, Bondye, ba yo on Siy. Ke yo pran Siy sa a nan men yo, sa yo ki malad, ke yo di: “M son pwodui Bondye achte. Mwen an Kris, e an Li pa gen maladi. Mwen an Kris, e an Li pa gen peche. Mwen an Kris, e an Li pa gen enkredilite. Mwen renonse a tout sa dyab la di m. Mwne pran Siy mwen ke... ‘Li te blese pou peche m yo; yo te kraze L anba ou akòz mechanste mwen; chatiman ki te pou nou an se sou Li li tonbe; e avèk tout kou Li te resevwa yo, li ban m gerizon.’ E m posede Siy la kounye a, ke Bondye rekonèt mwen, objektif sa a, Moun, ki achte pa San Seyè Jezi a. E m posede Siy lanmò Li nan men m, paske Li resisite, e mwen a Li e Li pou mwen. M ale avèk on fwa detèmine, ke apati de aswè a, m kwè Bondye, e map geri lè map la a e ke map ranpli kondisyon yo.”

Paske, dènye Pawòl yo ki te tonbe de bouch Li, se te sa: “Si yo mete men sou tèt moun malad, moun malad yo va geri.” Akòde I, Seyè. Se pou yon dezespwa enstale, paske mwen mande I, nan Non Jezi. Amèn.

Mwen kapab, mwen pral, mwen kwè vrèman;

Mwen kapab, mwen pral, mwen kwè vrèman;

Mwen kapab, mwen pral, mwen kwè vrèman

Ke Jezi geri m kounye a.

Oh, mwen kapab, mwen pral, mwen kwè vrèman;

Mwen kapab, mwen pral, mwen kwè vrèman;

Jis panse, “mwen detèmine!”

Mwen kapab, mwen pral, mwen kwè vrèman

Ke Jezi geri m kounye a.

158 Ou kwè sa? “Mwen detèmine! pa gras Bondye, ke m pap janm sispann anvan ke yon Bagay frape m. E m pral anlè a pou yo mete men sou mwen.”

Kounye a, Bondye pa janm echwe devan nou. E m kwè ke gran Doktè a toupre. M kwè ke Bondye ki ekri Pawòl la, m kwè ke Bondye a ki fè sakrifis la, m kwè ke Siy Bondye a ki pirifye nou de peche a aswè a, Siy la, Pwòp Vi Li, li isit avè nou. “Map avè nou, menm jiska fen mond lan. On ti moman ankò e mond lan pap wè M ankò, men noumenm nap wè M, paske Map avè nou, menm nan nou, jiska fen mond lan.” Ou kwè sa? M gen konfyans nan Li. M kwè ke Lap fè I. E ou?

159 Kounye a, osito ke m kòmanse sa, m wè vizyon kap parèt, amèn, gwo vizyon Seyè a, kap pwononse gwo bagay. Amèn! Si m kòmanse sa, nap pase tout nwit la isit. Èske nap kwè I? Èske w kwè? Amèn! M kwè I ak tout kè mwen.

160 Ti dam lan ki chita la a apati de Frè Palmer, li se yon etranje pou mwen. Li sot Georgia, epi l ap soufri ak on pwoblèm fanm. Si l ap kwè ke Bondye ap fè l byen, L ap fè l. M pat janm wè madanm sa a nan vi m, men se sa k pwoblèm li.

161 Ti madanm sa a, m pa konn si li te janm tande Mesaj lan anvan, oswa non, men pandan m tap preche isi a, m te wè l. Ou jis kwè l epi wè si se vre. Amèn. Si w ap kwè sèlman! Se vre.

162 Dam ki chita dwat dèyè isi a ak pwoblèm do, ap soufri vrèman anpil, non l se Madan Wisdom. Si w ap kwè ak tout kè w, Jezikri ap fè w byen. M pat janm wè madanm lan nan vi m, men li chita la a, ap soufri. Li mete yon wòb jòn. Èske se vre? Trè byen. Èske nou se etranje youn pou lòt? Wi. Trè byen, mesye. Al lakay ou, pou w byen. Jezikri fè w byen. Amèn.

163 Yon lòt madanm ki te jis kapte sa, pwoblèm do, chita bò isi a. Li gen pwoblèm do. Li gen yon pitit gason, epi li gen pwoblèm nan tèt. En en. Se vre. Madan Parker se non li. Èske w kwè ak tout kè w, epi Jezikri ap geri nou toude. Amèn! Nou se etranje pou mwen. Se egzakteman vre. Amèn! Kwè ak tout kè nou.

164 Men yon mesye ki gen laj ki chita dèyè isi a sot Michigan. Li gen pwoblèm nan zòrèy li. O, li panse a dè vwa, a dè pwoblèm espirityèl. Èske se vre? W ap kwè ke—ke... Ou pa konn si se Bondye, oswa kisa k ap pale avè w. Ou tande vwa nan zòrèy ou. M se yon etranje total pou ou. Si se vre, leve men w anlè, epi se sa k ap pase. Sa pap janm nwi w ankò, Jezikri fè w byen.

Èske nou kwè gran Doktè a? [Asanble rejwi epi di: “Amèn.”—Editè a.]

165 M ta byen pale avè w, men de Nòvèj, e ou pa konprann; langaj Nòvejyen. En en. Trè byen, di l al lakay li, kwè, sè, si w konnen kijan pou pale l. Di l pwoblèm nan tèt li ap kite l. Kounye a, ou konnen mwen pa konnen l. Li vin isi a sot Nòvèj, pou yo priye pou li. Tounen, yon nonm anbyen. Amèn.

166 O! “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan!” Kisa l ye? Se Kolòn Dife sa a. Se Sentespri an. Se Siy sa a, ke Jezikri viv. E lè moun, sa fè lontan, te wè l fè bagay sa yo, Li te wè panse yo paske Li se Pawòl la. “E Pawòl la pi file pase yon nepe de bò, e youn ki disène panse ak entansyon kè yo.” Amèn.

167 Me te wè dlo ap koule, epi jenn ti bway sa a ap vini. Li te tandè, epi li te li yon liv lòtbò a, epi te ekri, an Nòvejyen. Li te rive konprann; yon moun te pale avè l. Li gen pwoblèm, men, si l ap kwè ak tout kè l, Seyè Jezirki pral fè l byen. Li sot lwen, e yon timoun pòv, met sou sa, ap eseye enpoze li. E n ap poze men sou li, nan yon minit.

168 Èske nou kwè? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Amèn! Ala mèveye! O la la! “Gran Doktè a toupre kounye a!” Sè, kote Sè Ungren sa a, ak lòt sè sa a nan piyano an? M vle nou vini byen vit, si nou vle, epi ban nou yon chante: “Gran Doktè sa a toupre kounye a, Jezi ki konpatisan.”

169 M vle moun ki nan ale sa a *isi a*, ki vle yo priye pou yo, desann jantiman sou ale sa a *isi a*, jis yon ale alafwa. Frè Neville, fè sa si w vle. Kote Frè Capps oswa youn nan kondiktè chan sa yo? Sa k pase ak Frè Ungren, oswa Frè Capps, oswa yon moun, vin *isi a*, ap chante, kondwi chante sa a pou nou si w vle. Èske Frè...Ki kote youn nan frè sa yo ye? Trè byen. Trè byen, mesye, se byen. Trè byen. Tout nan priyè!

170 Sonje, a bout! Wè kisa a bout ap fè? A bout ap fè nou travèse lanmè a. A bout ap kondwi nou sot nan yon lòt eta. A bout ap kondwi nou nenpòt kote. Yon presye papa ki granmoun ak pitit fi l, ak dezespwa, yo te eseye vin antre, antre, tout lòt bagay, epi chita kanmenm; sa fè kèk moman de sa Sentespri an te delivre bagay la *isi a* nan reyinyon an, jis anvan m antre *isi a*. O!

Chan lajwa ki pi dous ki te janm chante,

Jezi, Jezi beni.

Gran Doktè a toupre kounye a,

Konpatisan an...

Seyè Jezi, akòde, tandè priyè sèvitè W, Seyè. M priye ke W ap rankontre chak nan sa yo epi fè yo byen, pou Glwa W, nan Non Jezi.

...vwa Jezi a.

Nòt ki pi dous nan chante serafen,

Non ki pi dous sou lang mòtèl,

O, chante lajwa ki te janm chante.

Kite sila yo ki about kounye a, ki vrèman konnen ke nou pral geri...Jis panse, otan ke m konnen, san pousan te, de dimanch swa pase, te geri semèn sa a.

Konpatisa an...

171 Gade, Li vini. Ou wè, Li deja geri w. Li pote Pawòl Li, Li konfime Li, Li montre Prezans Li. Pèsòn pa ka fè bagay sa yo andeyò de Bondye. Nou konn sa. Se siy Mesi an. E nou konnen m pa Mesi, kidonk se Li. Kounye a men Li pwouve tout bagay ban nou.

Kounye a sa ta dwe mete nou a bout. Sa ta dwe mete kouran nan plas sa a epi manyen on...Non, jis pou n tankou yon—yon—yon—yon alimèt nan yon barik poud. Sètènman! E li ta dwe fè eksploze lafwa a, epi—epi lanmou ak dezespwa a pouse moun sa yo dirèkteman nan Wayòm Bondye an, pou kwè ak tout kè yo. Èske nou kwè kounye a, chak nan nou? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Trè byen. Kounye a, Billy, pran...

172 Tony, gade m isi a yon minit. M pat wè w depi lontan, men ou malad. W ap soufri ak yon bagay tankou yon dizantri. Se vre. Li pral sispann. Li pral kite w. M te wè bagay sa a kap swiv li, antan l te kòmanse pase la a. Pa gen yon bagay ki ka kache pou Bondye kounye a menm. M pat janm wè...M pat janm wè Tony pandan dè mwa, m sipoze, men m wè l gen sa. Li te genyen l; li pa genyen l kounye a.

173 Ann koube tèt nou. Piga yon sèl je louvri. Piga yon sèl je gade. Kite tout moun nan priyè. Epi Billy Paul oswa Frè Neville, youn, ap rele pwochen ranje yo lè tan an vini. Kounye a tout moun nan priyè. Nou pral eseye kounye a; ale nan mitan an ap vini sou bò goch ou lè yo rele nou, epi se konsa ale ki sou bò goch lan—lan bò isi a ap vin sou bò goch ou lè yo rele nou. Frè Neville ap rele nou.

Kounye a, m mande tèt mwen si gen nenpòt nan frè yo isi a ki ta renmen kanpe isi a pou poze men sou moun sa yo antan yo pase, avè m? Nenpòt nan nou frè minis, nou sètènman byen vini pou n vini epi kanpe avè m si nou vle fè l. Se pa yon bagay izole. Nou gen dwa pou n priye pou malad yo menm jan avè m.

M konnen Sentespri an isi a. Nenpòt moun ki pa ta kwè sa, gen yon bagay ki pa bon avè yo.

174 Trè byen, ann kwè kounye a ak tout kè nou, ke Bondye ap akòde bagay sa yo ke n ap mande. Gen lafwa kounye a. Pa doute.

E tout moun priye, youn pou lòt. Kisa Bib lan te di? “Konfese fot nou youn bay lòt; priye youn pou...”

175 E noumenm moun yo kap vin nan liy lan, osito men sa yo manyen nou, soti dwat isi a, jis kontan epi louwe Bondye ke nou geri.

Trè byen, tout moun nan priyè kounye a pandan Frè Capps kondwi chan yo.

Seyè Jezi, kounye a ede nou. M priye, nan Non Jezikri, ke Sentespri a va manyen chak moun, epi ke yo geri antan nou swiv kòmandman W yo pou poze men sou malad yo. Ou te di: “Yo va geri.” Nou kwè li, Papa, nan Non Jezi. Amèn.

Trè byen, tout moun nan priyè kounye a antan nou kòmanse ap priye. An premye, se yon ti gason malad nan yon chèz woulant.

Map poze men sou pitit la, nan Non Jezikri, ke li ka vin byen.

Wi, mesye.

Nan Non Jezikri...[Frè Branham ak minis yo poze men sou sila yo ki nan liy priyè an pandan dizuit minit, men yo pa ka tande priyè yo. Asanble an priye epi chante san rete *Gran Doktè A*—Editè a.]

Chante lajwa ki pi dous ki te janm chante,

Jezi, Jezi beni.

176 Konbyen nan nou ki kwè ke Bondye te, nou sèten nan kè nou, ak yon asirans sele, ke Bondye te reponn rekèt nou paske nou te obeyi Pawòl Li? Li fèt. Li fini. Li—li fèt. Kwè Li ak tout kè nou, ke se yon zèv ki fini.

177 Kounye a gade semèn sa a, epi lè nou tounen ankò, gade sa k te rive.

178 M sipoze, disi pwochen fwa m tounen, si Seyè a vle, m ap fè liy priyè a pase nan youn nan sal sa yo, nan ti sal sa a ke m dwe mennen yo ladann, nou wè. M kwè I ap dewoule kounye a, nou wè, lè a.

179 M vle rive nan kote m ka mennen moun yo youn alafwa, trete yo endividyèlman, jouk m fouye li epi jwenn li, e lè sa a kontinye kon sa, jiskaske m rete dwat avè yo nan moman sa a.

180 Bondye beni nou tout. Nou tèlman kontan nou te isi a. Èske nou gen...Èske nou pèsistan kounye a? Èske nou...Èske nou about, dezespwa ke nou te genyen pou gerizon nou? Èske tout sispann kounye a, nan yon lanmou ak lafwa ak konfyans ke Bondye ap fè sa L te pwomèt pou L fè? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Bondye ap fè.

Nan timoun piti sa yo, gen de ou twa nan yo isi a aswè a, nan chèz woulant, mwen...N ap kwè pou yo, yo se timoun, ke yo pral geri, tou. Yo pral byen. Èske nou pa kwè sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Amèn! "Y ap geri." Yo dwe fè I. Bondye te di sa. E nou dezespere, e nou pral kwè I kounye a, ke I ap fèt.

181 Kounye a, sèvis nou yo jis enplike yon bagay jis apre lòt la. Kounye a nou pral voye oditwa a ale pou sila yo ki dwe ale. Epi pi byen m ka wè, li apeprè dizè mwen uit minit. E, si nou dwe ale, nou—nou kontan nou te isi a, epi nou vle pou n tounen epi pou n avè nou. Rèss nan nou, apre nou kanpe, pral chita ankò; e sila ki prale yo, ale jis an silans otan sa posib. Epi nou pral gen sèvis kominyon an imedyatman apre sa. Yo envite nou pou n rete si nou kapab. Si nou pa kapab, Bondye beni nou. Priye pou mwen. M ap priye pou nou. Epi, sonje, kenbe Siy lan aplike, epi se pou n dezespere pou peze al nan Wayòm Bondye a. Amèn!

Kounye a nou pral chante chante nou pou voye ale, si nou kapab, epi, *Pran Non Jezi A Avèk Nou*, antan nou kanpe.

...Non Jezi avèk nou,

Pitit chagren ak malè;

L ap ban nou lajwa ak konsolasyon... (Nou ka mennen yo kounye a.)

...li tout kote n prale.

Presye Non, presye Non! O ala dous, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous, ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Bay youn lòt lanmen, di: "Seyè a beni w, frè pèlren mwen, sè." Fon, ak sensèrite, ak respè, epi zanmi Kreyen nan lyen fratènite, bay youn lòt lanmen, frè ak sè. Bondye beni nou tout, ansanm. Mèveye!

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou pyebwa kalvè a.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre nan pye Jezi; jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre! O, jouk nou rankontre!

Bondye avè nou jouk nou kontre ankò.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre nan pye Jezi; jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avè nou jouk nou kontre ankò.

[Frè Branham kòmanse fredone *Bondye Avè Nou*—Editè a.]

182 Dousè sa a ak fratènite gran Siy Bondye an, Sentespri an, ke Li rete avèk nou tout richman jouk nou rankontre ankò. Gras Bondye pral avè nou, frape chimen lanmò yo devan nou; fè chimen nou klè, konsa nou te ka wè Jezi toujou devan figi nou, e nou pap ebranle.

183 Papa ki nan Syèl la, nou remèt sèvis sa a, ak sèvis maten an, sèvis sa yo ak sa k te fèt, ak tout glwa ba Ou, ba Ou remèsiman ak lwanj poutèt W ap sove moun, e poutèt W ap geri moun yo, epi poutèt W ap ban nou gran gras Ou ke nou tout ap tann. Sove nou. Ala nou di W mèsi pou sa. Se pou W avè nou kounye a jiskaske nou rankontre ankò. Rankontre avè nou nan kominyon an. Se pou W sou wou sila yo ki kondwi, Seyè, al lakay yo. Gide yo nan jou konje/vakans iresponsab sa yo, ke okenn mal ak danje pa ka vin jwenn yo. Nan Non Jezikri nou mande sa. Amèn.

Trè byen, *Pran Non Jezi A Avèk Nou*, ankò.

Pran...Non Jezi...(Yo voye nou ale kounye a, nan Non an)... avèk nou,

Tankou yon pwotèj kont tout pyèj;

Lè tantasyon viwonnen nou..

Kisa nou fè lè sa a?

Jis pran souf Non sen sa nan priyè.

Presye Non, presye Non! O ala dous, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, presye Non! O ala dous, ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Nan Non Jezi a n ap koube,

Tonbe tèt atè nan pye L,

Wa dè wa nan Syèl nape kouwone L,

Lè vwayaj nou an fini.

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous, ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

184 Kounye a jis anvan nou chita, pandan fowl lan ap fè silans kounye a pou sèvis kominyon an.

Si m pa fè erè, èske se pa Frè Blair, minis ke m te rankontre lòtbò an nan Arkansas sa pa fè lontan? M te panse se te sa. M pat sèten. Ou te gen isi a pou dedikas timoun, yon ti piti, maten an. M te panse...Èske m pat rankontre w sa pa fè lontan, isi a nan Hot Springs, Arkansas? Avè w te gen yon...Yon bagay te sou pwen pou rive, epi Sentespri a te rele l. Èske se te vre? Byen. M jis...M te rive panse anvan lè sa a, m te panse: "Sa se frè sa a." M tèlman kontan ou isi a, Frè Blair.

185 Kounye a m pral mande Frè Blair si l ap priye pou Bondye fè nou pwòp kounye a pou kominyon kap pare pou rive an. Èske w vle, Frè Blair? [Frè Richard Blair priye—Editè a.] Wi, Seyè. Akòde l, Seyè. Wi, Seyè. Wi, Seyè. Wi, Seyè. Wi. Wi. Amèn.

Nou ka chita kounye a, chak moun.

186 E kounye a sou òg lan, sè, si nou tout jis jwe *Gen Yon Fontèn Plen Ak San*. Epi nou ka kòmanse pa nou...mennen yo la a, kèlkeswa sa ki nesèsè a. Trè byen, lekti an kounye a, si n ap jis...vin an silans jis pou yon moman.

Wi, sè? [Yon sè di: “Pran mouchwa m lan?”—Editè a.] Trè byen, sè, ou jis gade bò isi a jouk ou jwenn li, sa pral trè byen lè sa a, kèlkeswa sa l ye a la a. Se li? Trè byen, sè.

187 Trè byen, kounye a Frè Neville pral li lòd kominyon an.

Epi apre ouvriye yo ap vini, si gen etranje isi a, nan chak chèz, epi mennen ale pa ale, antan nou vini, epi ranje pa ranje, pou kominyon an.

188 E kounye a ke nou medite kounye a. Sonje, Izrayèl manje l nan dezespwa, epi nan vwayaj la pat gen yon sèl ki te fèb nan mitan yo, nan fen karant an an. Sa se gerizon Divin, tou.

Seyè beni w, Frè Neville. [Frè Neville li Lekriti kap swiv lan, En Korentyen 11:23-32—Editè a.]

[Paske, men sa Seyè a te fè m' konnen, se sa menm mwen te moutre nou tou: Jou lannwit yo te trayi l' la, Seyè Jezi te pran pen,]

[lè li fin di Bondye mèsè li kase l', epi li di: Sa a se kò m', se pou nou li kase. Se pou nou fè sa pou nou ka chonje mwen.]

[Konsa tou, apre yo fin manje, li pran gode diven an, li di yo: Gode sa a se nouvo testaman Bondye fè avè nou nan san mwen. Se pou nou fè sa chak fwa n'ap bwè ladan l' pou nou ka chonje mwen.]

[Se konsa, chak fwa n'ap manje pen sa a, chak fwa n'ap bwè nan gode sa a, se lanmò Kris la n'ap anonse jouk jou Seyè a gen pou l' vini an.]

[Se poutèt sa, si yon moun manje pen Seyè a, osinon li bwè nan gode Seyè a yon jan ki pa konvenab, moun sa a koupab, paske li peche ni kont kò Seyè a ni kont san li an.]

[Se pou chak moun egzaminen tèt yo byen anvan. Se konsa y'a mèt manje pen sa a, y'a mèt bwè nan gode sa a.]

[Si yon moun manje pen sa a, si l' bwè nan gode sa a san li pa rekonèt rapò pen an ansanm ak diven an gen avèk kò Seyè a, se rale l'ap rale yon kondanasyon sou tèt li lè l'ap manje pen an ak lè l'ap bwè nan gode a.]

[Se sak fè gen anpil moun malad konsa nan mitan nou, anpil moun k'ap souffri feblès, san konte sa ki mouri deja.]

[Si nou te egzaminen tèt nou byen anvan, nou pa ta tonbe anba jijman Bondye a.]

[Men, Seyè a jije nou, li pini nou konsa pou li sa pa kondannen nou ansanm ak moun ki nan lemonn yo.]

[Frè Neville di: "Seyè an beni lekti a, Pawòl la." Frè Branham lè sa a ranmase plato pen kase an—Editè a.]

189 M kenbe pen kachè, ki gen rid epi kase, ap reprezante kò Jezikri; nan—nan vwal chire sa a nou gen aksè a Sen dè sen an.

190 Papa nou ki nan Syèl la, pen sa a te prepare pou reprezante kò kase ak chire sa a. Ke nou chak, antan nou resevwa l, ke li kòm si nou te fè zak sa a literalman. Epi ke nou gen padon peche nou yo, epi aksè ak Sen dè sen an, pou viv nan Prezans Ou nan lavi alavni nou; ak tout jou ke nou va viv isi a sou latè, epi pou nou avè W nan Letènite tout tan. Akòde l, Papa. Beni pen sa a pou objektif sa a presi. Nan Non Jezi. Amèn.

191 [Frè Branham ranmase plato ti vè plen ak diven—Editè a.] Bib lan di: “Aprè Li te pran epi te kase pen an, menm fason Li te pran gode diven an; e lè L te fin manje, di: ‘Sa se gode diven Nouvo Testaman an nan San mwen, ki te vide pou nou.’” Ke Seyè a akòde benediksyon Li sou sa a antan nou priye.

192 Seyè Jezi, mwen kenbe isi a san diven an, ji ki sot nan rezen yo. E, Papa, se pou reprezante San presye sa a ki netwaye nou, ke Siy lan te sot nan La a. M di W mèsè pou Li, Papa, e pou senbòl sa a. Ou te di: “Sila ki manje epi bwè Sa a gen Lavi kap toujou dire, epi M ap leve l ankò nan tan lafen an.” Nou di W mèsè pou pwomès sa a. Epi, Papa, nou priye ke W netwaye kè nou, ansanm, ke n ap diy pa...lafwa nou; nan konnen ke anndan nou nou pa diy, men lafwa nou pap fayi, ke n ap asepte pafètman San Jezikri a. Akòde l, Papa.

193 Epi sanktifye diven an pou objektif ke li destine a. Ke kèlkeswa moun ki bwè diven sa a aswè a, epi pran nan pen sa a, gen fòs pou vwayaj ki gen pou vini an. Akòde l, Seyè. Ke yo an sante epi djanm, epi ranpli ak Lespri W, jouk Jezi vini. Amèn. [Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

194 M kwè Kominyon sa a se youn nan adorasyon ki pi solanèl, sakre, dous ki genyen nan sèvis legliz la. Te gen de bagay yo te kite pou nou, twa bagay, pou fè, sa—sa se zòd ak òdonans. Tèlman anpil moun eseye di: “Nou gen yon klou orijinal.” “Nou gen yon moso nan kwa an.” Men te gen twa bagay ki te rete: Soupe Seyè, Batèm, Lavman Pye, te twa lòd yo te kite pou legliz la.

195 E pou mwen, aswè a te sanble se yon moman trè espesyal pou mwen. Antan m te kanpe isi a epi jis ap gade; dabitid mwen—mwen nan priyè san rete. Men aswè a, ap gade diferan fanmi, pou wè kèk nan fanmi sa yo te vin isi a depi m te yon ti gason predikatè, kanpe isi a ak atè yo nan pousyè bwa, epi mwen...kèk nan yo nouvo. Men ap gade mesye yo vini ak ti madanm yo ak fanmi yo, epi wè kijan yo pi pito youn lòt, epi aspè sakre sa a, kijan yo veye pitit yo; wè ti dam la ak men li ki lonje, epi panse: “Ti men sa a ki lave, epi te siye dlo nan je bebe an.”

196 Apresa m te wè fanmi yo ki monte ke m te lakay yo lè yo te malad, epi lafyèy la, timoun yo; Seyè Jezi fè pitit yo byen. M te wè yo lè yo te gen pwoblèm nan fanmi an, Seyè a te ede

m pou m regle sa; wè yo kontan ankò. Epi m jis panse kijan l ap ye lè nou pral nan gran Soupe Nòs sa a. M tèlman rekonesan ke Seyè a te kite m vin yon zanmi pou nou epi ede nou. Mwen...se pou sa mwen isi a.

197 E mwen, jis panse konbyen tan, konbyen lane; se apeprè, mwen te kòmanse ap preche, apeprè 1930, epi se apeprè tranndezan pou mwen, kounye a, tranntwazan, m tap preche. Epi, tout lit yo ak eprèv ak, sanble tankou, menm lè, lè—lè nou monte isi a, tout—tout te bliye. Ou wè? Nou—nou jis sanble tankou gen yon bagay sou Kominyon ki jis retire tout—tout devire yo nan bagay yo, nan pran Kominyon. Seyè beni nou.

198 Ansyen an kounye a al, li Lekriti pou sèvis lavman pye a.

199 [Frè Neville li Jan 13:2-17, epi fenmen sèvis la—Editè a.]

[Jezi t'ap manje ak disip li yo jou swa sa a. Satan te gen tan pran tèt Jida, pitit gason Simon Iskariòt la, pou l' te trayi Jezi.]

[Jezi te konnen pou tèt pa l' li te soti nan Bondye, epi li t'ap tounen jwenn Bondye ankò. Li te konnen Papa a te ba li pouvwa sou tout bagay.]

[Li leve sot devan tab la, li wete gwo rad li a, li pran yon sèvyèt, li mare l' nan ren li.]

[Aprè sa, li vide dlo nan yon kivèt. Epi li kòmanse lave pye disip li yo. Li t'ap siye yo ak sèvyèt li te mare nan ren l' lan.]

[Se konsa, li rive sou Simon Pyè ki di l' konsa: Mèt, ou menm ki pral lave pye mwen?]

[Jezi reponn li: Koulye a ou pa konprann sa m'ap fè a. Men, wa konprann pita.]

[Pyè di li: Non, mwen p'ap janm kite ou lave pye mwen. Jezi reponn li: Si m' pa lave pye ou, ou p'ap disip mwen ankò.]

[Simon Pyè di li: Si se konsa, Mèt, se pa pye m' ase pou ou lave. Lave men m' yo tou ansanm ak tèt mwen.]

[Jezi di li: Lè yon moun fin benyen, tout kò l' pwòp. Se pye l' ase ki bezwen lave. Nou menm, nou tou pwòp, men se pa nou tout ki pwòp.]

[(Jezi te konnen ki moun ki tapral trayi li. Se poutèt sa li te di: Se pa nou tout ki pwòp.)]

[Lè l' fin lave pye yo tout, Jezi mete gwo rad la sou li ankò, li tounen nan plas li bò tab la, epi li di yo: Eske nou konprann sa m' sot fè nou la a?]

[Nou rele m' Mèt, nou rele m' Seyè. Nou gen rezon, se sa m' ye vre.]

[Si mwen menm ki Seyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou yonn lave pye lòt.]

[Mwen ban nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an.]

[Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Moun yo voye a pa janm pi grannèg pase moun ki voye l' la.]

[Koulye a nou konn bagay sa yo. benediksyon pou nou si nou fè menm jan an tou.]

[Ke Seyè a beni lekti Pawòl Li.]

[Otan moun k ap patisipe, mesye yo ap lave pye nan sal sa a, bò isi a; epi medam yo ap lave pye nan sal a goch la a, bò isi a, nan ti sal batistè a. Kontan anpil pou wè otan moun ki ta renmen fè sa, epi ki kapab, pou vin patisipe avè nou nan lavman pye sa a.]

[Èske nou va kanpe ansanm? Pou sila yo ki dwe ale...]

[Ankò nou di nou vrèman rekonesan epi gen apresyasyon devan Bondye pou bon jou sa a, ki te tèlman yon ankourajman pou kè nou, nan wè Prezans Bondye nou an gran ak pwisan pou vin nan mitan nou pou L isi an pou ankouraje nou epi pou beni nou.]

[Antan nou koube tèt nou ansanm, n ap mande Frè Earl Martin si l ap ranvoye sila yo ki dwe ale.]

